18с. 20т.

A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remov



84 Кар 7
Е—71

Бекназар Ерназаров
«Шек», Ертек, повестьлер.
Нөкис: «Қарақалпақстан» 1997... 67 бет
Балалар ҳәм жас өспиримлер әдебияты

4203

Бекназар Ерназаров—турмыстың ҳәр қыйлы тарау-ларынан қәлем тербетип киятырған жазыўшы.
Бул китапта тәбият экологиясына байланыслы ертек ҳәм балалар қыялларына қозғаў салатуғын бир неше повестьлерин оқыйсызлар.

4803270201—482
М — 357 (04) — 96 28—96

ISBN 5—8272—0030—1

«Қарақалпақстан», 1997

## ШЕК

*(Ертек)*

Жер бетинде инсан пайда болғаннан бери қарама-қарсылықлар бири-бири менен барқулла аяўсыз гүрес жүргизип бириниң үстинен екиншиси жеңиске ерисип келген. Ана тәбиятқа болған қатнас та адамлар арасында ҳәр қыйлы түс алып турған.

Мәңгилик Ана тәбият ҳақ нийетли адамлар тәрепинен барқулла қорғаныўға миясар болды. Айтыўларға қарағанда Ана аралымыз бинә болған ўақыттан бери бир неше мәрте қурып, бир неше мәрте кенарына сыймай толып тасқан көринеди.

Аралдың усындай набыт болған дәўиринде қайта тиклеў бир жас жигиттиң шегине тийискен көринеди.

Ол былай болған екен.

Арал теңизи толып тасып турған бир ўақытта жағасында сығасқан халық жасайды екен. Олардың тиришилиги, күн көриси тек теңизге ғана байланыслы болып турған. Қимиси аў қурып, балық аўласа, кимиси дузақ қурып қусларын, ҳайўанларын услап алып күн көрис қылған.

Күнлердиң күнинде ақ баслы таўдай толқынлардың өриси тарайып бара берипти. Жағасындағы халық кем-кем суўдан алыслап қала берипти, атаўлар бир-бири менен тутасып үлкен шөлистанлық пайда болыпты. Адамлар күншилик жолға жүрип, теңизге барып, балық аўлаўын даўам ете берипти. Бирақ теңиз кем-кемнен



Informatsiya ...
102680

шегинип кете берипти. Енди балық аўлаўшылар жолда бир түнеп суўға жететуғын болған. Күнлер өткен сайын теңиз бенен адамлар арасы алыслай берипти. Балықлар да кем—кем азайып, пүтинлей қурып кетиў дәрежесине келипти.

Көпшилик келешекти ойлап, қатты қайғыра баслапты. Қәўимниң жасы үлкен басшылары хәр күни ойласық қурып белгили пикирдиң басына бара алмапты.

Теңизге қуйып турған суў да теңиз жүзин көре алмай жол-жөнекей тамам болады екен. Тийкарында аз суў теңизге сирә жете алмайды ғой. Суўдың кемлигиниң себебин анықлай алмай халық көп қыйналады.

Көпшилик ойласып, дәрьяның таўдың саға алып турған жеринен хабар алыўға келисим жасайды. Енди ол жаққа баратуғын адамды таба алмайды.

Елдиң шетинде күнин зордан көрип отырған бир ғаррының шаңарағына да бул хабар жетип барады. Хабарды еситип ғаррының генжетай баласы таў бетке мен барып көрейин деп әкесинен рухсат сорайды. Ғарры баласының тапқырлығын хәм күшлилигин бурыннан билгеннен кейин екиленбестен, түсинип пәтия береди.

Ел басшылары узақ хәм қәўипли жолға тәўекел етип турған балаға исенимсизлик пенен қарайды. Бирақ ўақытша болса да халықтың кеўлин аўлап турыў ушын балаға рухсат етип жибереди.

Бала көп жүреди, қаншадан—қанша таў-таслардан өтеди. Небир қалың тоғайлықларға дус келеди.

Көп қыйыншылықларды жеңип, қыйыршық тастап басланған соқпаққа тап болады. Бала таўдың басланғанын билди. Сол жерде шүйкилдеген шөжениң сести еситиледи. Бала жерде қанаты жайылған қызыл шақа бүркиттиң палапанларын көреди. Қараса палапанларға қарап жылысып киятырған жыланға көзи түседи. Бала дәрхал қылышын қынабынан суўырып алып жыланның басын денесинен жуда етеди. Палапанларды уясына апарып салады. Бул жылан хәр жылы бүркит палапанларының қанын сорып. Ана бүркитти зар қақсатып турады екен.

Даўыллатып ушып келген Ана бүркит балаға жақсылық ислегиси келип, жол болсын сорайды. Бала сапарының мәнисин айтады.

— Жүдә қыйын иске қол урған екенсең, бала,—дейди бүркит. Енди изге қайтыў жоқ. Халқың ушын қандай жағдай болса да тайынбағаның дурыс. Мен саған ол жердиң жағдайын түсиндирейин. Таўдың басында булақлардың көзин, питеп нешше жыллардан бери муз дәў жатыр. Оны жеңиў оғада қыйын. Сол жоқ болмай сениң елиңе жартыўлы суў бармайды. Оны урысып та, тутысып та, шабысып та жеңе алмайсаң. Оның бир жолы бар.

— Сол жолын айтагөр, — деди бағанағыдан бери тақаты кетип турған бала үмидиўар тиғилип.

—Сен асықпа,—деди бүркит. Оны бир өзиң келистире алмайсаң. Оған мен хәм мына палапанларым жәрдем бериўи керек.

«Бул палапанлар не жәрдем береди—деп ойлады бала. Уядан қулап түсип қайтып уясына бара алмай жүргени мынаў».

— Усы палапанлардың қолынан не келеди деп ойлап турсаң ғой,—деди бүркит баланың көз қарасын байқап. — Мәйектен шыққаны кеше. Енди ертеңнен баслап, өзимниң барлық усылларымды үйретемен. Тез күнниң ишинде қанаты қатып, қыян-кести хүжимлерге таяр болып турады.

Бүркит өз палапанларын күн-түн демей тәрбиялап, таярлап дийдисине жеткендей дәрежеге әкелди.

—Ал енди сениң жумысыңды питкериўге шығамыз деди Бүркит. Аспанда қара үлкен булттай қара қус бар. Сол узақ уйқыда жатырған дәўге қуяш нурын түсирмей қанатын жайып турады. Ол қара қустың төрт тәрепинде тағы төрт палапаны болып, олар анасының бир тәрепке аўып кетпеўин қадағалайды. Сыртқы душ-

паннан қорғайды. Олар оғада күшли қуслар, бирақ бизлер солар менен урыс алып барыўымыз керек. Мен ана қара қус дәў менен, төрт палапаным, қалған төртеўи менен гүрес майданына шығады. Сол ўақытлары сен дәўге қылыш урасаң. Сен қорқынышларға, қыйынласыўларға шыдам бериўиң керек.

Солай етип, ҳүжим басланып кетеди.

Бир неше күн шайқас даўам етеди. Қара қус жеңислик бермейди.

Бүркитлер ойласып, топланысып ҳүжим етиўге өтеди. Бир шеттен тийискен бүркитлер қарақус булттың шетиндегисин жылыстырып, екиншисине жақынлатады. Оны да үшинши тәрепке қозғайды.

Соннан даўыл басланады. Бала сол даўылға төтепки берип, бас, көз демей муз дәўге қылыш ура береди, ура береди. Шашыраған муз от болып аспанға шапшыйды.

Тынымсыз жаўын, даўылдан кейин жарқырап күн көринеди. Дүнья бурынғыдан да жақтыланып, кеткендей болады. Муз дәў ыңырсып арман—берман қыймылдай баслайды. Ол қыймылдаған сайын суў болып, аға береди, аға береди. Муз дәўдиң денесинен ерип аққан суўлар сай-салаға айланып, дәрьяға қосыла баслайды.

Бала бүркитке шексиз миннетдаршылығын айтып елине қайтады.

Халық суўдың келгенине қуўанысып қалады. Бирақ қуўанышлары узаққа бармайды. Теңизге қанша суў түскен менен қәдди ҳеш көтерилмейди. Керисинше суўдың тартылып баратырғаны көпшиликти және де тәшўишке салады.

Суўлардың қаяқларға кетип атырғанын анықлаў керек болады. Оны анықлаў да баланың шегине түседи. Бала не ислерин билмей узақ ойланып отырғанында қолы баяғы бүркит берип жиберген пәрге тийип кетеди. Алдында бүркит пайда болды.

—Неге муңайып отырсаң? — дейди бүркит баланың қасына келип.



—Теңизге қанша суў ағып келген менен кем-кем тартылып, баратыр. Соны анықлаўды көпшилик маған уйғарып отыр.

— Оны анықлаў қыйын емес. Усы теңизде балықлар патшасы алтын балық бар соған хабарласып, жумысыңызды питкеремен,-деп ушып, кетеди.

Бүркит көп узамай айланып келип, жер астынан келип турған булақ көзин ашқанын айтады.

Солай етип теңиз толып-тасып жағалай қонған ел бахытлы турмыста жасаған екен.

Ҳүрметли оқыўшым, арал толып тасып айдынында пароходлар жүзетуғын күнлер келсе тәәжип емес.

## БЕЛГИСИЗ ҚАЛАНЫҢ БАЛАЛАРЫ

*(Қыялый фантастикалық повесть)*

...Ойлап тапқан ақылыма жүдә қуўанып кеттим. Екиленип отырмастан «дурыс, усылай ислеўим керек»— деген шешимге келдим. Бундай шешимге келиўим тийкарсыз емес.

Мен бәрине де шыдап болдым. Буннан артыққа төзимим жетпеди. Ҳәзирдиң өзинде жарылып кетиўге сәл қалып турман. Өзлериңиз-ақ ойлап көриң. Адам деген буншелли шыдамлылықты қайдан алған өзи? Шыдамның да шеги болыўы керек ғой, ақыры. Ҳаў, бизлер болсақ байлар заманында жасап атырғанымыз жоқ. Аўыл хожалық жумысларынан жаңа қутылдық па десек, жанапай мийнеттиң қандай да бир басқа түрлери және алдымыздан шыға келеди. Бәрҳә «қалыс жәрдем» көрсетиў—бизлердиң пешанамызға жазылып қойылғанбекен ҳаслында. Гейде көшеде еркин ойнатпайды. «Неге ойнайсаң», — деп шоферлар көзин алартып алып топылады. Сонда жолда ойнамай қаяқта ойнайсаң? Енди көп қабатлы жайдың төбесине шығып ойнаў керек пе екен? Қала ишиндеги ашық майданшалардың барлығына қа-

ңылтыр гаражлар соғып таслаған. Ол жерде ойнамақ түўе қапталына жақынлап көр. Тап күни кеше Асқар гараждың ишинде арақ ишип отырғанларға тутылып, өлип қала жазлады. Жазығы гаражлардың арасынан өткени. Қуўыс-қолтықта ойнаў мүмкин емес-миш! Қай жер болса сол жерди мәскүнемлер ийелеп алған. Паркти болса жас жигитлер менен қызлар босатпайды. Уялып өлесең. Оларды да айыплаўға болмайды. Қалада дем алатуғын орынлар — парк, сквер, бульварлар болмаса...

Спорт секцияларына қатнасайын деген де ҳәммеге жетисе бермейди. Бала саны шекленген. Оннан қалса мәскүнем ағайлар төрешилик етеди. Солай екен, басы қалтаңласқан десең: тренерлердиң арасында да шығатуғынлары баршылық. Соннан кейин топ қуўалап көр. Қулласы бизлердей бала ушын бул қалада ермек те аз. Басқа нәрсе де жоқ. Әйтеўир зеригип өлесең. Балаға қарараптан қарап жүриў, аяғыңды байлап бир жерге қамағаннан жаман.

Қаладағы оқыўшылар сарайында, жас техниклер, жас натуралистлер станциясында, жас өспиримлер ҳәм балалар клублары менен китапханалардың қасында қаншадан — қанша дөгереклер ислеп турыпты дерсиз. Дурыс, ондай уйымлар бар, бирақ ҳеш биреўлеринде дурыслы қураллар менен тийисли заты болмаса, басқаларында дөгерек басқарыўшылары жоқ. Сүўрет түсириў дөгерегине қатнасып жүр едим. Ол жерде анаңы таўып кел, мынаны таўып кел,—деп биротала зықымды шығарды. Айтқанларын таўып келиў ушын пул керек. Пулды ким береди? Күнде-күнде ақша қаяқтан табыла береди. Жыласаң да, жалынсаң да ағаң менен анаңнан ақша алдың дейик. Ал, материалларды таўып көр. Таўып болыпсаң, Мен излеген нәрсени үлкен газетаның сүўретшилери де таба алмай жүр. Сонда мен қаяқтан табаман? Клубта қуры отырып-отырып «мезгили менен» қайта бересен. Изинде қойып кетиўге туўра келеди. Сөйтип



футболға қатнадым. Жаңа-жаңа үйренисип киятырғанда, айлығы да аз деп тренеримиз жумыстан шығып кетти. Қаланың бир шетинен екинши шетине қатнағанымды қәйтерсең? Тағы бир тренер келер деген үмит пенен күнде бир мезгил қатнай бердим. Клубтың педагог шөлкемлестириўшиси болып ислейтуғын Мария-апа азаннан кешке шекем телевизор көрип, шимишки шағып отырады. Келдиңбе-аў, кеттиң бе-аў деп, сениң менен санасып атырған жан жоқ. Енди буны да қойдық.

Үйге жақын жердеги жаңа микрорайонда «балалар ҳәм жас өспиримлер клубы ашылады» деген қуўанышлы хабар тарады. Жайларды белгилеп алып таболды. Арадан бир ҳәпте өтпей-ақ негедур клуб жайына бир хожалық кирип алыпты. Бизлер тағы далада қалдық.

Бала болғаны қурысын. Қыдыра алмайды екенсен? Дүканларға кире қойсаң, ырсылдаған семиз дүканшылар қолларындағы пилдиң қулағындай шыбын урғышларын былғап, тырқыратып қуўып салады. Урылар қусаймыз. Дус келген нәрсени қағып кете береди?-деп шаўқым салып атырғаны. Бала питкенниң барлығы уры бола береме екен? Ал үйде де сеннен бир кемшилик таппай қоймайды. «Телевизорды әстерек қой. Әсте жүр, қатты күлме? Ол жерде отырма? Қапыны ашып кеттиң, қапыны қатты жаппа, сен оңбайсаң. Ким менен ойнап жүргениңди билесе бе?»-усындай гилең бир жақламай ясийин бәри үйде набада кесе сындырып я суў төгип алсаң айтарлығы жоқ. Сеннен жаман адамды қыялыңа да келтире алмайсаң. Аўыш та сен, гешше де пәмсиз де сен. Үлкенлер өзлери бир нәрсени бүлдирип алса ҳеш нәрсе болмайды. «Әттегене-ай» дейди де қояды.

Басқа жумыслар аз болғандай азанда турғызып сүтке жибереди. Ол жерде еситетуғын сөзиң өз алдына, кемпирлер патырат шығарып нәўбетиңди басып алады, да қояды! Дәлийллеп көр! Орныңды табаман дегенше сол әтирраптан қуўып салады.

Мектепте де жүрек-бауырыңды қолыңа алып қыл-пылдап жүргениң. Есикке кирер-кирместен қолына үлкен саплы сипсе услаған сипсекеш апай бақырыўды баслайды. «Аяғыңды сыпырып кир. Ҳаў, әстерек жүр деймен, саған! Үйиңде де усындаймысаң?» Классқа кирип барыўдан, «дәптериң қәне» сабаққа таярландың ба?»—деген сораўлар, тергеўлер басланады. Үйреншикли қосық.

Класста болса басқан адымың қадағалаў астында. Муғаллимлер «күлме» дейди. Асқар Қуўанышбайға «ешек қулақ»—деди. Көз алдымда Қуўанышбайдың қулағы ешектиң қулағындай уп-узын болып кетти. Усыған адам күлмей тура ала ма? Күлсең қулағың муғаллимниң қолында кетеди. Сол күни сабақ өтпестен үгит-нәсият айтыў менен бәнт болады. Соның арасынша қоңыраў сыңғырлайды. Теманы түсиндирместен үйге тапсырма берип жибереди. Оқымай келсең, я түсинбей қалсаң сен айыплы боласаң. Түсинбедим десең-қалай сорайсаң. Бәрибир муғаллимдики дурыс бола береди.

Бир күни бизиң класста мынадай ҳәдийсе болған еди. Балалар бирден Рейкьявиктиң қаяқта екенлигине тартысып қалды. Биреў «Азияда» десе, биреў «Европада» деди, үшинши биреў—«Америкада» деди. Математика муғаллимнен сорадық, ол қәҳәрли түрде «тарийх муғаллимине барыңлар» деди, тахтаға узыннан узақ формулаларды жаза баслады. Тарийхшы муғаллим география муғаллиминен сораң деди. Ал география муғаллимимиз сабаққа қатнасы жоқ нәрсени сораўға болмайды деп бақырып таслады...

Усындай қорлыққа шыдай бериўге бола ма? Бизлер барлық балалар болып белгисиз қалаға қашып кетиўге келистик.

Ҳәмме түн ярымында жолға шықтық.



* * *

Бизлер үлкен қалаға келип жайластық. Қалада тири жан жоқ. Бирақ, адамнан басқасының барлығы бар. Адым жерде музқаймақ, газлы суў, телефон будкасы. Адамға керек нәрсениң бәри табылады. Ҳәттеки, жеңил машина ма, трамвай, троллейбус, автобус па, барлығы да көше бойлап ғаз—қатар дизилисип турыпты. Көпшилиги бизлер ушын түрлери қандай таңсық техника, сыр бергенимиз жоқ. Таңланғанымызды бир-биримизден жасырдық.

Сыпайышылығымыз көпке бармады. Машиналарға көзимиз қызығып кетти. Машинаны көргенде қыял қусының қанатына бир минип шарықламайтуғын бала бар ма сирә... Ҳәр қайсысымызға бир-бирден машина тийисти. Машина айдаўды билетуғын Асқар, Қуўанышбайлар рульге қолы тийиўден-ақ, қулдыратып айдай баслады. Мен де бурынлары шофердың қапталында отырғанда машинаны айдап билетуғындай сезетуғын едим. Бирақ, рульге отырар —отырмастан жүрегим дүрсилдеп қатты-қатты соға баслады. Моторды ход алдырмастан бурын ҳәр жерин шуқлап көрип атырман. Отыра бериў де қолайсыз екен. Оның үстине көшениң арғы басынан айланып келген Қуўанышбай менен Асқарлар дөдетлетип «бол айда» деген белги берип атыр. Тәўекел гилтти бурап жибердим. «Гүрр—р» етти де әсте бүлкилдиге көшти. Жүрегим оннан сайын ҳәўлире баслады. Қорықсам да қайта өшириўге батылым бармады. Уят ғой! Тезликти қозғап жиберип едим «ғар—р ғо қыр» деген сес шығарып артқа жулқынды да, соң үни өшип тым-тырыс болды. Қайтадан моторға ход алдырып, тәўекел алға қарай жиберип қалдым. Алдыға қарай зыңғып кетти. Тәўекел айдап киятырман. Рульге беккем жармасып алдым... Терден жаўырынларым сығып алғандай болды. Асқар менен Қуўанышбай биринен соң бири мени қуўып өтип зырлап баратыр. Изинен қуўдым

Қыялымда машина қапталынан қанат шығарып ушып киятырғандай. Көшеде кем-кем машиналар көбейе баслады. Бизлер барлық класс балалары бир-бирден машина минип алған едик. Басқа класстың балалары да зымыратып машина айдап жүрипти. Ҳәр машина тусымнан өткен сайын бир өлип тирилемен. Соңда жол ҳәрекети қәўипсизлиги пәнинен оқытатуғын муғаллим есиме түсти. Қатты арым келди. Ол жақсы оқытқанда, жол ҳәрекети қәделерин жақсы билген болар едим. Велосипедтиң рулин услап көрмеген муғаллим бул пәнди қалай жақсы оқытсын. Қайтама «Жолды кесип өтпең! Жолдың шетине барғанда шеп жағыңа, ортасына барғанда оң жағыңа қараң»,—деген нен артық ҳеш нәрсе айтпайтуғын еди аў».

Мине ақыбети кесиспеде сегизинши класстың бир баласы менен дүгисип қала жазладым.

Кешқурын еситкен мағлыўматларға қарағанда үш машина дүгисип қалыпты. Барлық балалар жыйналып жол ҳәрекети қәўипсизлиги қәделерин билиў керек деген шешимге келдик. Биреўдиң қойын қалтасында «жол ҳәрекети қәделери» китабы бар екен. Ҳәммемиз соны оқыўға киристик.

* * *

Бул жерде радио байланысы жақсы ислейди. Мектептегидей тек байрам күнлери, ямаса қандай да бир тексериў келгенде,—деп қол қаўсырып күтип отырмайды. Белгиленген ўақтында заңқылдайды да турады. Радиодан барқулла Алланияз сөйлейди. Өзи шаққан жәнe гәп тапқыш болғаннан кейин, соны қойыппыз. Қапталына еки бала алып сөйлейтуғын сөзлерин де өзи таярлайды. Себеби, мектепте жүргенде «Жеткиншек» газетасында мақалалары шығып турды. Бизлердиң радиомызға қызлардан диктор тартылған жоқ. Өйткени, арамызда бир де қыз жоқ. Бизлер үйден қашып кетерде



қызларға айтыўға исенгенимиз де жоқ. Олар бир-бирине айтып қояды. Ишиндеги «белсенди» леўи муғаллимлерге жеткереди. Оннан кейин ис шатақ. Ата-анаңнан, муғаллимлерден көресиңди көре бересең.

Солай етип радиодан Алланияздың даўысы еситилди.

—Жолдас оқыўшылар, бизлер бир нәрсени умытып атырмыз. Бул жерге келгели оқыўды естен шығарыппыз,

Ҳәммемиз жыйырылып сала бердик. «Жаңа қутылған шығармыз десек, жағы қарысқырдың данышпанлығы тута қалды-аў тағы»...

—Оқыўды умытпаўыңыз керек, өзлериңизге белгили, адам дурыслап жүре алмайды. Машина айдай алмайды.

«Алыстан айландырып туйыққа тығатуғын сөзлерден қашып қутылыўдың рети жоқ сирә. Қаяққа кетсекте ақыл айтыў, нәсият-гөйлик изимизден қалмады. Бул жерде де берекет табатуғын түримиз жоқ...»

— Сизлерге соны айтпақшымыз. Ҳүрметли дослар,—деп Алланияз ўаз айтыўды усыныц менен аяқлаған болды.

Бирақ бул басламасы ғой. Ол еле не ойлап табатуғыны ҳәзирше белгисиз. Балалар тоңқылдасып атыр. «Тағы ақыл айтыў. Бундайды қайдан таўа береди? Алды бурын ойласып, кеңесип алмай ма екен? Я ойына келгенин ислей бере ме?»

— Биз оқыў ҳаққында айтқанда, азаннан кешке шекем—оқый бер демекши емеспиз.

«Азаннан кешке шекем оқыдың не, бир мезгил оқыдың не бәри бир емес пе...»

— Ким оқытады екен?

— Өзи муғаллим болып ислейтуғын шығар?

—Балалар ким қайсы пәнди қәлесе сол пән бойынша оқыўға ерикли. Ҳеш кимге мына сабақты оқыйсаң деп мәжбүрлемейди.

Балалар бир-бирине қарасып, таң қалысты. Сонда қалай болады? Бул жүдә жақсы. Бирақ, бул өзи қалай-қалай сөйлейди-ай. Тап бир ҳәммемиздиң ықтыяры-

мыз бир өзиниң қолында турғандай... Мәжбүрлемеймиз
дегени қалай ҳәммениң атынан...
—Балалар қайсы пәнди таңлайтуғыныңыз өзлери-
ңизге пайлы.

Бизлер он бала болып әдебиятты қәлеген едик. Әде-
бият кабинетине кирип барғанда ертеклер дүньясына
араласып кеткендей боласаң. Дәслепки күнлери нениң
не екенин билмей дийўалға қараў менен жүрдик. Дий-
ўалда ҳәр қыйлы сүўретлер сығасып турыпты. Көздиң
жаўын алады. Тахтаның қапталында жайнаған түйме
орналастырылған. Асқар әдеттеги тынышсызлығына са-
лып түймениң биреўин басып жиберди. Дийўалда теле-
визор пайда болып, экранда биреў сөйлей баслады.
—Сәлем балалар ҳәзир сабақ баслаймыз.
—Бизлердиң ҳүрремиз ушып кетти. Қаяққа қашары-
мызды билмей албырап қалдық.

Экранда ҳәр күни көрип жүрген Талып Алым. Ол ҳә-
зирги қәддинде елеследи. Жазыўшының балалығы өмир
жоллары, оның шығармасының қаҳарманлары изли—
изинен экранда пайда болып турды. Бул ҳаққында дәс-
лепки көрген муғаллимимиз түсиник берип барды. Бу-
рынғы мектебимизде әдебияттан оқытатуғын муғаллим-
миздей «жазыўшы деген мийнеткеш болады, илҳам қыс-
қан пайытлары ярым ақшамда орнынан турып кетип
шығарма жазады. Әдебият деген океан, онда жүзиў
бирдей несип ете бермейди»—деген сөзлерди еситпейсең.
Сабақлар, биринен соң бири қызықлы болып өтеди. «Тә-
непис қашан болады екен», деп шыдамсызланып отыр-
майсаң.

Шайырлар ҳаққында тема өткенимизде де оның өз-
лерин экранда көремиз. Жазған қосықларын өз аўзынан
еситемиз... Усылайынша қызықлы күнлер даўам етти.



* * *

Бурынлары «жәмийетлик пайдалы мийнет» сабағының
қәдирин билмейди екенбиз. Ол сабақты қалан қәдир-
лейсең. Ҳәр күни мектептиң әтирапын тазалаў, қағаз,
шобыт, металл сынықлары, темир-терсек жыйнаў жаны-
ңа тийип кетеди. Бир саатлық сабақ болғанда да мың
жылға созылып кеткендей болатуғын еди. Төбеле-
сип қалыў бир-биреўдиң зейнине тийиў, сипсекеш апай-
лардан «сипсе жеп» ғарғыс еситиўде усы сабақта бола-
ды. Бирақ бул жаққа келип бул сабақтың жүдә қызықлы
екенлигин көрдик. Буған барлық балалар қызығып қал-
ды. Устаханада станок деген толып турыпты. Балалар
қәлеген station-
гинде турып жумыс ислей береди. Шынын-
да да дәслепки күнлери бул жерде ислеў қыйын болды.
Техника қәўипсизлигин билмейтуғын балалар аяқ қол-
ларынан айырылып қала жазлады. Кейин ала бунын
сырын да үйренип алдық. Кирер аўыздағы түймени ба-
сып жиберсең, техника қәўипсизлиги бойынша түсинету-
ғын кино картиналар көрсетиледи. Ҳәр күни сабақ бас-
лардан алдын соны көрип алатуғын болдық. Балалар
көп нәрсени үйренип атыр. Әйнек — қапыны соққан ўа-
қытлары қарайсаң да отырасаң. Темир дегениң қорға-
сындай жуп—жумсақ болады екен.

Арадан көп өтпей балалар өзлерине велосипед соғып
алатуғынды шығарды. Көшеде үш дөңгелекли төрт дөң-
гелекли велосипедлер көбейип кетти.

Жол ҳәрекети қәўипсизлиги қәделерин үйренгенимиз
де жақсы болыпты. Ҳәзир пайдасы тийип атыр. Бул қә-
делерди умытып кетпеў ушын ҳәр айдың соңғы дем алы-
сында «жол ҳәрекети қәўипсизлиги күни» деп жәрия-
лаймыз. Бул күни светофор конкурслары, викторина жа-
рыслары болады.

Бир күн бир күнге усамайды. Жүдә қызықлы өтип
атыр. Бурынғы қаламызды умытып кететуғын түримиз
бар... Туўылған жер, ата—баба, ўатанласлар бизлерди
кешире гөриң. Себеби, усылай болғаны ушын бизлер

айыплы емеспиз ғой. Еле өз ўатанымызға қайтып барып, үйренгенлеримизди иске асырамыз!

* * *

Қаланың қайсы жерине барсаң да қызықтан көзинди ала алмай узақ турып қаласаң. Спорт залларын айтпай-ақ қой. Бирақ мынаны айтыўды керек деп ойлайман: ала алмай узақ турып қаласаң. Спорт залларын айтпай-саң ба? Нөкистиң мине деген спорт заллары мына жер-де қалады. Спорттың қәлеген түри менен шуғыллана бересең. Бул жерде «айнаны сындырып қоясаң» топты жарып қоясаң» деген гәп жоқ. Соңлықтан да сабақтан кейин балалар спорт секцияларына қатнасады. Балалар қансорпа болып, футбол ойнап жүргенде, ҳәтте тамаша-лаўға да бармайтуғын Жөлекеге шекем спортқа қызы-ғатуғын болып қалды. Ол «мине» деген жуўырғышларды да шаңына илестирмей кететуғын нағыз жел аяқ зып бердиниң өзи болып қалды.

Ҳәр бир бала өзлери шуғылланып атырған спорттың қайсы түрин меңгергенлиги туўралы ҳәр күни дағазалап барады. Ҳәзирдиң өзинде-ақ көпшилик спортшылар дү-нья жүзилик жарысларда рекорд деп табылған олим-пияда көрсеткишлерин ийелеп атыр. Спорттың ҳәр бир түриниң тарийхы туўралы радио еситтириў берилетуғын болғаннан кейин, ким қайсы спортшының дәрежесинде шуғылланып атырғанлығын ҳәмме билип отырады. Би-зиң белгисиз қаламыздан жақын келешекте әлемге бел-гили көп ғана спортшылар шығып, пүткил дүньяны таң қалдыратуғын күн алыс емес.

Бир күни әдеттегиден өзгеше таярлық болды. Ҳаўада үлкен затларды көтерген вертолетлар пайда болды. Олар адам бойы бөренелерди алып келди. Тутқалы, қара үй-диң шаңырағындай тасты түсиргенде ҳәммемизде таң қалдық.

«Боксшилер бокстиң жаңаша түри менен сынға түсе-ди бетон плиталарды урып тесиўи керек»,—деген ҳаўазы еситилди эфирден. Палўанлар үлкен бөренелер менен



алысады. Ал штангашылар болса тасты көтериўи керек.

Қызғын жарыс басланып кетти. Сайланды спортшы-лар дийдилеген шекти ийелеп атыр. Бул хабар мектеп радио узели арқалы еситтирилип атырған еди...

Бизиң жел аяқ Жөлеке болса бес метрлик бийиклик-тен бир ўақытта арман ҳәм берман өте алды. Ҳәммениң ынтықтырған спорт жарысларының ўақты жақынлап қалды.

* * *

Адам қунт етсе үйренбейтуғын нәрсеси болмайды екен. Бизиң қаламызда музыка шертип, қосық айтпай-туғын бала жоқ. Музыкалық әсбапларды үйренип алыў-да онша қыйынға түспеди. Қолымыз саўа болған гезлери Асқар, Қуўанышбай үшеўимиз қаланы аралаймыз. Ҳәм-ме бала өзлери таңлап алған талап пенен шуғыллана-туғын болғанлықтан көшеде сылт еткен адамды ушыра-та алмайсаң. Бизлер қыдырып шыққанымызға пушайман жедик. Жол ҳәм көше бойларындағы зәўлим жайлар менен мийўеге малынып, шақалары майысқан жемис ағашлары тап бизлердиң бийсәўбет жүргенимизден түңилип турғандай туйылды. Дәрриў жол бойындағы үлкен бир жайға бурылдық. Жайдың ишки көриниси соңдай әжайып, еденлер жалтырап тур. Дийўалларға бурын биз көрмеген көп ғана әжайып адамлардың үлкен сүў-ретлери қыстырылған екен. Бирим-бирим таныса бас-ладық. Дүнья жүзиндеги композиторлардың барлығы усы жерде шығар деп ойладық. Композиторлардың көр-гизбе залына кирип кеткен шығармыз деп те қоймыз. Дүньяда усыншама композитор бар деп ойламайтуғын едик. Сүўретлери дизимге илинбей ҳәм қыстырылмай турғаны қанша?! Өзлеримиздиң композиторлардың көп-лигин айтпайсаң ба? Жапақ бақсы, Нәжиматдийин Му-хаматдийнов, Әбдирейим Султанов, Марқабай Жийему-ратов, Турдықулов, Ғ. Аманиязов сыяқлы бес алты ком-

2—144

102680

позиторларымыз бар шығар деп ойлайтуғын едик. Муғаллимлер олар ҳаққында айтпайтуғын да еди. Усы жерде таң қаларлық ўақыя жүз берди. Ҳәр сүўреттиң тусына барғанда суўреттеги сол композиторлардың өмири ҳәм творчествосы ҳаққында түсиник берген баянлаўлар еситилип турар еди. Ҳәттеки айырымлары ҳаққында кино картиналар да көрсетиледи.

Қанша ўақыт жүргенимиз белгисиз. Композиторлар менен қысқаша танысып болғаннан кейин, жалтырап турған үлкен қапыға қарай бетледик. Бизлер жақынласып барыўдан қапы шыңғыр етти де айқара ашылды. Дүнья жүзине қандай музыкалық әсбап болатуғын болса, ишинде барлығы қалыўсыз жәмленген болыўы керек. Оларды көзден өткере басладық. Ҳәр қайсысының тусына барғанда әсбаплар қайсы халыққа тийисли ҳәм олардың қашан пайда болып, қашаннан бери қалай қолланылып киятырғанлығы ҳаққында саза еситиледи. «Сындырып қоясаң» деп ағам панайына жолатпайтуғын пионинонның бир неше түри бар екен.

Бизлер булардың бәрин бир қатар көрип шыққаннан кейин, ҳәр қайсысымыз бир әсбапқа ийелик еттик.

Қайсы бирине ықласың аўып қол урсаң ойлаған намаңды шерте аласаң. Бармақларыңның перделерге қалайынша барып қалай шертип, қалай басып атырғанлыңды да аңғармай қаласаң. Ойыңдағы нама шертиле баслайды.

Өзимше «Бозатаў» намасына ыңылдап кәмине келтирип шертип атыр едим. Бирден дийўалда көринис пайда болды. Айдаўда баратырған халқының алдында турған Әжинийазды көрип пүткиллей кеўил хошым қулазып сала берди. Сол дәўирдиң аянышлы көринислери бирим-бирим көз алдымнан өте баслады. Кейинирен билсем Асқар ойнап жүрип бир түймени басып алған екен. Буннан былай нама шертетуғын болсақ сол түймени басатуғын болдық. Нама тарийхын көрип атырып, шерткенге не жетсин?



Бул жаңалықты барлық балалар еситти. Енди олар да музыка сабағын өз кестесине киргизди.

Музыка шертиў былай турсын, талантның көзи ашылып нама шығаратуғын балалар пайда бола баслады.

* * *

Ҳәмме бир жерде жасаған менен гейде бир-биреўден аўҳал сораўға ўақыт табалмай қалады. Мәзи бийсәўбет жүриўдиң сирә имканы жоқ. Ҳәр кимниң қатнайтуғын дөгереги, клублары бар. Ҳәр, ким өзинше бир жаңалық табыўға, өзгеше бир нәрсе ислеўге талабан.

Ҳәр күни бир жаңалық жүз берип турады. Алланияздың «Балалар» деген даўысы бүгин де заңқ ете қалды. Барлық жаңалықты радиодан еситетуғын болғанлықтан, Алланияздың даўысына дәрҳал қулақ түремиз

—Бүгин жас техниклер дөгерегиниң қатнасыўшылары, Баҳадыр, Әлимжан басқарған дөгерек балалары соққан самолётти сынап көриў болады. Ҳәммени қала сыртындағы сыннан өткериў майданшасына мирәт етемиз. Тағы бир хабарландырыў. Ертең усы жас техниклер дөгерегиниң теледөгерегиниң ағзалары ислеп шыққан жаңа телевизор менен танысасызлар.

Бул жерде ҳәр бир минут есаплы. Балалар, самолёттың ушыўы белгиленген ўақытта жетип барыў ушын сынаў майданшасына қарай асығып баратыр. Жол үстинде ҳәр ким ҳәр қыйлы пикирлер үстинде өз-ара сөйлеседи. Биреўлер пәнлер дөгерегине тийисли газетаның соңғы санлары, ҳаққында сөйлессе айырымлары дөгерек жумыслары, бас қоспа жобалары ҳаққында пикирлерин ортаға салмақта. Қалада материаллар қытғыршылиги жоқ болған соң, буйымларды қәлегенинше соғыўды ойластырып, жобасын қарастырады.

Майданшада балалар жыйналысып қалыпты. Ҳәр ким мирәтнамада белгиленген орынларға отырып атыр.

Майданшаның шетине келип орынлық саны көрсетилген тетикти бассаң, орныңа барғаныңды бир-ақ билесең.

Қалпақлы радио қырылдады. Изинше Алланияздың даўысы еситилди.

—Балалар Баҳадыр, Әлимжан ҳәм оның досларының соққан самолёттиң сынаўдан өткермекшимиз.

Майданшаның ортасында турған үлкен ящик әсте ақырын кейин қарай жылжый баслады. Суп—сулыў балықтай самолёт көзге түсти. Ящик жылыслаўы менен самолёттан недәўир алыслап барып жайылып, тептегис болып қалды.

Дем алмастан бақлап атырған балалар «оҳ—о—о» деген ўақытлары майданша теңселип кеткендей болды.

Музыка шертилди. Баҳадыр менен Әлимжанның басшылығындағы балалар тап бир космонавтлардай болып кийинип сап тартып ортаға шықты.

Олар дөгерек баслығына рапорт тапсырды. Пүткил балаларға қарап самолёт ҳаққында қысқаша баянлама жасады. Изинше ҳәмме қол былғап хошласты.

«Ыз-з» самолёт зәңгиси түсти. Ушыўшылар қолларын былғаўы менен бирмлеп ишке кире баслады.

Алланияздың даўысы еситилди.

— Балалар, бизиң ушыўшы досларымыз, тек самолётын сынап көриў мақсетинде ғана алыс жердеги бир қалаға сапар етеди.

Ол қайсы бир аты белгисиз планеталарда екен.

Самолёт бирден жулқынып жоқары көтерилди. Бираз ға шекем ушыўшылардың сөйлескенлери радио арқалы еситилип турды.

* * *

Жас техниклер дөгерегиниң теледөгерек бөлмеси демниң арасында талабанларға толды. Бул жерде ҳеш қашан ҳеш жерде көрмеген телевизордың ҳәр қыйлы түрлерин ушыратыўға болатуғын еди.



Ешбайдың басшылығында ислеп шығылған телевизор дөңгелекли, столға орналастырылыпты. Телевизордың бир қапталына көзи түскен адам сөзсиз радио қабыллағышты еслейди.

Ҳәмме бөлмеге сыймайтуғын болғаннан кейин телевизорды үлкен жайға шығарды.

Телевизор шар айнасында негр балалары көринди. Олар қандай да ойын менен машқул. Бизлер «Яша қызықлы кино көретуғын болдық-аў» деп анталастық. Бир ўақытлары балалардың аржағынан семиз негр көринди. Қолында таяқ. Белгисиз тилде сөйлей баслады. Бирден англичанша сөйлеп, балаларға урысып атыр.

— Сизлерге мен жалынып отырмайман. Ислемесеңлер аштан өлетуғын өзлериңиз. Бүгин айдың нешеси екенин билесизлер ме?

Семиз негр бүгинги күнди, жылды, айды айтып бақырыўын даўам етти.

Бизлер ҳайран қалып бир-биримизге қарастық. Дүнья жүзиндеги ўақыяларды туўрыдан туўры көрсетеди, деп ҳеш исенгенимиз жоқ.

Телевизордың шүйин таўлады. Экранда Лондон. Қалпақлы радио сөйлеп тур. Сааттан басқасы бизиң ўақтымыз бенен теңдей екен. Шүй буралады. Қайр, Дели. Бирақ, не болып атырғанын билиў ушын тил үйрениў керек екен. Бизлер ҳәр қайсысымыз бир бирден шет еллердиң тилин үйрениўге келисип алдық. Бизлер бул жерде отырып бир кишкентай қала ҳаққында қәпелимде тарысып қалдық. Бир бала оны Европада десе, екинши биреўи Азияда деп ерегисти. Тағы биреўлер ол жерде бир ўақытлары қырғын урыс болыпты деп атыр. Түбинде толық шешимге келе алмадық. Сонлықтан география менен тарийхты қайта бастан түсип дыққат қойып оқыў керек деген жуўмаққа келдик.

Бир қанша қыйыншылықларды пайда еткен таза телевизорға ашыўымыз келди. Бирақ дүньяда жоқ телевизорды ойлап тапқан белгисиз қаламызда жасайтуғын

өзимиздиң достымыз екенине қуўанамыз. Не деген жетискенлик. Басқа телевизорлардай ол тек он еки канал менен шекленип қоймайды. Шексиз, «Веф» қанша толқын, усласа, бул оннан да көбин услайды. Телевидениелердиң көрсетиўлери менен шекленип қалмайды. Нени мақул көрсең сол нәрсе шар айнада пайда болады. Хәммениң тилеги бойынша экранда Баҳадыр менен Әлимжанның басшылығындағы экипаж ағзалары пайда болды. Зорға көринип баратыр. Әлле нәрселерди айтады. Бирақ еситилмейди. Соған қарағанда жүдә алыслап кеткен болса керек.

Қаланың барлық балалары қуўанысып атыр. Енди дүньяның қәлеген жериндеги балаларды көре аламыз.

* * *

Хәр қашанғыдай қала радиосы балаларды жаңалықлардан хабардар етип турыпты. Бүгин де жас тәбиятшылардың қаладағы ҳәм қала шетиндеги мөлдегинде үлкен көргизбе ашылатуғын болды.

Әлбетте бул жерге биология пәни бойынша билим алып атырған балалар қатнасады. Олар сабақтан кейин усы жерде болады. Сабақ ўақтындағы өтилген темалар бойынша ис жүзинде тәжирийбе ислеп көреди.

Сөзлер сабақ өтиў ҳаққында болып атырғанда белгисиз қалаға муғаллимлер де келип қалғанба деп ойлаўыңыз мүмкин. Жоқ, олай емес. Балалар өзлери-ақ өз бетинше оқыйды. Жас тәбиятшылар үйирмесинде де өзлери таярланады. Хәр ким ҳәр қыйлы өсимлик, ҳайўанат, сондай-ақ, басқа да жәнликлер ҳаққында бөлисип алып таярланады.

Бүгинги көргизбе—оқыўда Елмурат, Дәўлетбай ҳәм Аллабайлардың басшылығында жас тәбият изертлеўшилер тәрепинен таярланылды.

Үлкен залға кириўден-ақ, ертеклер дүньясына енип кеткендей боласаң. Залдың шеп қапталын толығы менен алып турған суў толған шийше ыдыс дәўлердиң аквариумын еслетеди. Ишинде қалашлары қып-қызыл болған сары сазанлар шалаңларды қақ айырып жүзип жүрипти. Ал, аўызлары жайықтай, муртлары ҳәррийискен ылақалар қамыслардың түплериндеги шириндилерди қозғап жиберип, суўды қара батпақ етип, ылайтып кетеди. Бул көринис гейде орпаң жолдан көтерилген шаңғытты еслетеди. Гә олай, гә булай топар-топар болып зытқып жүрген шабақларды көриўге болады. Олар анасына еркелеген пышықтың балаларындай қаннанқәтерсиз жүрген үлкен балықлардың алды-артына шығып зуўылдап жүрипти.

Қулласы, қатара қойылған дәўдиң аквариумларында узынлығы бир метрден де зыятлаў ҳәм оннан да үлкен ҳәр қыйлы балықлар көрсетилген. Шийше ыдыслар болмағанда адамлар менен араласып кете беретуғын дәрежеде «қолға» үйретилген балықлар, кимниң болса да ҳәўесин келтиреди.

Елмурат илинген айна басқыш арқалы аквариумның үстине шықты. Бирден залдағы жақтылық сөнип аквариумның үстинде ҳаўайы рең сәўле пайда болды. Балалардың бәри жоқары көтерилди. Балықлардың ҳәммеси аўызларын жоқары көтерип, суў ишинде тикке шаншылды. Елмурат қолындағы сумкадан жем алып балықларға усынды. Олар қайта-қайта секирип, Елмураттың алақанындағы жемди терип жей баслады.

Зал ишинде, аквариумда ҳәр қыйлы рeңдеги жақтылар пайда болды. Жақтылық намаға қосылып гә өшип, гә жанып өзинше қубылып «ойнай» баслады. Бул ойынға аквариумдағы балықлар да қосылды. Балықлар ойнап жүрип «ҳә бәрекалла» деп бақырысып атырған сыяқлы еди. Аўа, қалайда маған солай сезилгендей болды да турды ақыры,

Тораңғылларды тәртиплестирип қыйып қойсаң, оға-да сулыў болып көринеди екен. Аўылларда өсетуғын тереклердиң барлығы усы жерден орын алған. Оларды көрип қумардан шығасаң, көрген адамның көзин той-дырады. Жақынлап кетсең илип түсетуғын қып-қызыл тикенли жигилдик жийделер ийбе сақлаған мулайым қызлардай теңселип турыпты. Ҳәр теректиң түбине: оның тарийхы, сыпатламасы биологиялық өзгешелик ҳәм қәсийетлери жазылған тахтайлар қағылған. Аралап жүрип сүўретшилердиң көргизбесине киргендей боласаң. Тәбият не деген шебер, десеңизши? Тереклердиң тәбий-ий ҳалатта өсип турғанлығына гүманланып та қаласаң.

Дәўлетбай тахтайдағы жазыўлардан тысқары өзи атқарған жумыслары менен де таныстыра баслады.

— Енди қуслар бағына барасызлар. Бизлер дүзбек-ши болып атырған миллий парк, «турғынларынан» болған қырғаўыл ҳәм басқа да қуслар менен танысасыз.

Дәўлетбай бираз жүргеннен кейин,—«Қалған жағын Айымбет түсиндиреди. Өзлериңизге мәлим қуслар Айымбеттиң қәўендерлигинде өнип-өспекте» деп қосып қойды, сөзин салмақлы.

Айымбет қолындағы шырпының қарамындай заттың бир шетин басып қалып еди, нәмәлим нама жаңлап еситиле баслады.

Қуйрық пәрлери ҳәр муқамға дөнип турған қырғаўыл-лар топары өтип баратыр. Олар бириниң изинен бири келип көз алдымызда пәрлери мың қубылып дарақларға дизилисип қона баслады. Гөззаллықта биринен бири абзал бул сезимтал қуслар «не ис буйырасаң» деп турғандай еди.

Айымбет қапталындағы теректиң бир жерин басып қалды. Сол заматта дән толы ыдыс пайда болды. Айым-бет дәнинен уўыслап алып қырғаўылларға усынды.



Олар бирим-бирим Айымбеттиң билегине қонып, ала-қанындағы дәнди шөпшеп шоқый баслады.

Дән жеп болғаннан кейин тағы жағымлы сес еситил-ди. Пәрлери ҳәр қыйлы реңге дөнген қырғаўыллар ойын-ға түсти. Тоғайдағы аңлар, қуслар бара-бара жыйна-лып бираз бәзим қурды.

Көп кеўил көтерисபеден кейин Айымбет бир шақаға минип алып ҳайўанларға нәсият айтты. Оларды өз-ара дослыққа шақырды. Қуслар тым-тырыс тыңлап, оның айтқанларына басларын ийзеди.

* * *

Теңиздей толқыған салы атызлары жасыл сағым ме-нен булдырап көздиң отын алады. Бирақ, тәбиятшылар үйирмесинде өсирилген мына салылар балаларға онша унаңқырап турған жоқ. Өйткени, Аралдың ашынарлы жағдайы ҳаққында ҳәр күни телерадио менен газета-ларда жазылып атыр. Ал, бизиң жас дийханларымыз болса салыгершиликти раўажландырыўды мақсет етип отыр.

Қәдирбайдың мына сөзлери бизлердиң үстиртин пи-кирлеримизди бирден өзгертип жиберди.

— Салы дақылы бурынғыдай турақлы түрде емес, ал егистиң алдында бир рет ҳәм масақлаў дәўиринде бир рет, жәми еки рет ақ суў ишеди. Басқа ўақытла-ры ҳеш қандай ығал талап етпейди. Бул өз регионымыз-ға масластырып үйирме ағзаларының ойлап тапқан жаңалығы.

Атызларды аралағаннан кейин бул айтылғанлардың ҳақыйқат екенине әбден көзимиз жетти.

Қәдирбай салыдан алынатуғын пайда ҳаққында да бираз түсиник берди. Бундай сортты Арал бойындағы аўылымызға жеткериў мүмкиншилигиниң жоқ екенлиги ҳәммемизди де екилендирди. Бир жаман жери аўылда бизлерге бирден исене бермейди ғой. Қала берди, бар-

саң услап алады да, «салыны қайдан алдың?» «Оны ким берди?» деп таўсылмайтуғын саўалға тутады.

Сонлықтан ҳәзирше даўрық салыўдың пайдасы аз.

Қала көшелерин қалың саяманлы тереклер қаплап турса да, түски ўақытлары оғада ыссып кетеди. Жаныңды қоярға жер таба алмайсаң. Қалада фонтанлар да көп. Қашанғы суўдан шықпай жата бересең. Қаламызда ўақытты босқа өткериў мүмкин емес. Исжақпасларға, ўақыт өтсе болар деўши ериншеклерге бул жерде орын жоқ. Қаладан бир қуўылған адам ҳеш қашан қайтып қарасын көрсетпейди. Ондайлар бул қала ушын сатқыннан да жаман.

Кеңес еситип, үзликсиз нәсият тыңлаў ҳеш кимге де жақпайды. Сонлықтан балалар оқыўдан шығыўдан өзлери ағза болған үйирме, дөгереклерине жеткенше асығады. Тез-тез өткерилип туратуғын пән үйирмелери, ҳәр қыйлы дөгереклер ҳәм спорт жарыслары кимлердиң қандай дәрежеде қалай шуғылланып ҳәм оқып атырғанын анықлап таслайды. Тақыр жерде буққанын менен тасырайып қаласаң. Күн ыссы болса да балалар өзлери шуғыллананатуғын орынларға қарай асығып баратыр. Пиядалар саяда иркилип ҳәр жерден муз қаймақ муздай газлы суў ишип кете береди. Ал жоллардан үш дөңгелекли, төрт дөңгелекли велосипедлер менен ҳәр қыйлы машиналар изи үзилмей өтип турады.

Қалпақлы радио қырылдады. Бийўақ ўағырлаған радиодан үлкен жаңалық еситиў үмитинде ҳәмме турған жеринде силтидей тынып қалды. Балалар толы минген трамвай менен троллейбуслардың айнасынан «неге тоқтады?» деген наразы даўыслар қатты-қатты еситиледи. Семизирек балалар мыс қайнаған асфальт жолда тоқтаған көликте моншақ-моншақ терге малынып, ыссыға шыдай алмай, машинадан түсип кетип тереклердиң саяламақта. Радиодан Алланияздың даўысы заңқ-заңқ етип, сәдде-сәдде болып таралып анық еситилип турыпты.



Ал тыңладық.

— Балалар, қаламызда тағы бир жаңалық жүз берди.

«Таплап өлтирди-аў, жүз берсе не болыпты? Тоқетерин айта қоймай ма?».

— Ендигиден былай мыс қайнаған ыссыларда да қала ишинде қоңыр салқын ҳаўа ҳүким сүретуғын болады.

«Қалайынша? Қайдағы бир қыялый нәрселерди айтады. Адамлар ҳәзилге мүтәж болып турған шығар жүдә!».

— Санаўлы минутлардан кейин гүлдирмама патырлап, шақмақ шағып, жаўын жаўа баслайды. Жаўын дөгерек ағзалары тәрепинен жүзеге асырылады. Ҳеш қандай даўырықпаўыңызды өтинемиз.

Шағырайып турған күнниң жүзин булт баса баслады. Бултлар кем-кем қойыўланып, әтирапты алагеўгим қараңғылық басты. Алыстан көктиң гүркиреген сести еситилди. Бултлар шатнап кеткендей болды. Таң қаларлық көринис бир пәс даўам етип турды да, бирден нөсер жаўын шелеклеп қуйып сала берди. Балалар ықтырма излеп, жән жаққа шапқыласып жүр... Жолаўшылар көликлерин қалдырып өзлерин тасаға урды. Бир майданның ишинде ала-сапыран болды да қалды.

Жаўын ҳәр күни белгиленген ўақыт аралығында жаўып туратуғын қусайды. Қала бурынғыдан да сулыў ҳәм таза, азада болып кетти. Оның есесине балалар барқулла қол шатырларын алып жүретуғын болып қалды.

* * *

Қалаға келгели сүт дүканларында нәўбетке турыўдан қутылып қалдық. Бир тетикти бассаң ҳәммеси таяр болады. Аўқатты да, сүтти де дийдилеген ўақытларында ала бересең. Бундай жағдайларда ер балаларға басшы-

лық етиўге де, айырым жумыслар бойынша оларға жол-жоба бериўге де класстың қызлары керек болады екен. Бул нәрселер көпшиликти ойландырып жүрипти. Бирақ, биринши болып сөз баслаўға бирде-биреўимиздиң батылымыз бармайды.

Әсиресе, сүт фермасында оғада қыйланып қаламыз. Сыйырларды қалай саўыў керек. Оларды күтип бузаўын емизиў, ийдириў сыяқлы толып атырған жумыслар. Билмейтуғын нәрселеримиз-ақ көп екен. Шарўашылық бойынша арнаўлы китаплар көп. Бирақ тийисли теманы таўып алыўда көп қыйналасаң. Усындай ўақлары муғаллимлерди еслеп қоямыз. Тез-тез таўып оқыўға көмеклесер еди.

Бир нәрсениң шешимин таба алмай қыйналып атырғанда, муғаллимниң бары қандай жақсы. «Балалар былай ислеймиз» деп жолын таўып берер еди.

Ал, қызлар үстилерине ақ халатларды кийип, қолларында шелеги сыйыр саўып, отырғаны қандай жарасықлы десеңши. Әрманлар көп.

Белгисиз қалаға келгели дүканшылардың бақырысынан да қутылып қалдық. «Шық, жүўернемек», «Не қылып жүрсең», «Не урлай жақсаң» деген сөзлерди айтатуғын да дүканшы жоқ. Қәлеген адам қәлеген затын алып кете береди. Бул жерде де есап-санақтан жақсы болыўың керек. Алған затыңның баҳасын дурыс есапламасаң исиңниң аты жоқ. Масқара болдым дей бер. Урлық ислеў түўе ойлаўдың өзи қәўипли. Қандай мақсет пенен келгениңди кирип киятырғаныңда-ақ биле қояды. Аяғыңды қыя бассаң телевизорға түсирип алып атыңды айтып зар қақсап турғаны.

Белгисиз қалаға келген күнлери мынадай бир ўақыя жүз берди. Қуўанышбай дүкандағы аппараттың қырағылығын сынап көрмекши болады. Ол ақшасын төлемей бир кило печенье ала қашады. Изинен «Қуўанышбай уры печенье урлады» деп радио бақыра баслайды. Ол дүканнан алыслаған сайын даўыс тас төбесинде қулағының түбинен еситиледи. Алған затын дүканға әкелип қоймақшы болып кейин қайтса, «тағы урлыққа киятыр» деген даўыс еситиледи. Жасырынып жайларға кирсе де, даўыс изинен қалмайды. Төрт, бес бала болып турып алып дүканға апарып печеньени орнына қойғаннан кейин ғана тым-тырыс болған қусайды. Сонда да «урыдеп ири ҳәрип пенен жазылған, Қуўанышбайдың сүўрети дүкандағы телевизорда бираз күн сақланып турды.

Соншама нәрселер исленип атыр. Бирақ қандай да бир нәрсе кемистей болады да турады. Соңғы ўақытлары бурынғы қаламыз, ата-аналарымыз ҳаққында жийирек ойлайтуғын болып қалдық. Орталықтан биреўди өз қаламызға жиберип, хабар алдырыў керек деген пикир пайда болды. Бул пикир балалардың көпшилигине мақул түсти.

Балалар пүткиллей белгисиз қаланың атынан мени ўәкилликке таярлады. Бираз күн таярлық көрдик. Ата-аналарымыз бенен ушырасыўда не айтыў кереклиги ҳаққында узақ тартыс болды.

Биреўлер анық орнымызды айтыў керек десе, биреўлер ата-аналарымыз билип қойса бир минут та қоймай ҳәммемизди алып кетеди деди. Мәкан жайымыз айтылмасын деген шешимге келдик. Барлық нәрсе жөнинде келисилип болған ўақытта мениң қандай көлик пенен барыўым кереклиги ҳаққында мәселе басланды. Көп аўыз көп айтады. Велосипед бенен барсын деўшилер де табылып атыр. Машинада кетсин деўшилер де баршылық.

Қулласы, мен авиамодельшилеримиз ислеп шыққан соңғы самолётлардың биреўинде кететуғын болдым. Авиамодельшилердиң биреўи мени Нөкистиң шетине түсирип қайтып кетеди. Оған да айрықша епшиллик керек, әлбетте.

Қаланың қапталында әскерий гарнизон бар. Олар

* * *

Досларымның жәрдеми нәтийжесинде ап-аңсат белгисиз қалаға да жетип келдим. Балалар салтанат пенен күтип алды. Өкинишлиси мен балалардың бирде биреўиниң ата-аналары ҳаққында жаңалық алып келе алмадым.

Мен қалаға барып қайтқаннан кейин балалар арасында ҳәр қыйлы абыржыўлар, екиленийлер жүз бере баслады.

—Қай-қайсысымызға да ата—ананың зәрүрлиги адым сайын сезиле баслады. Айырым нәрселерге ақылымыз жетпей, гейде тартысып қала беретуғын болдық.

Ҳәмме Нөкисти сағындық. Бирақ барған менен бәримизди тутып алады да, сазайымызды береди. Басқаша илаж ислеў керек еди.

...Көпшиликтиң ақылы бир тоқтамға жәм болып, ата—аналарға, муғаллимлерге қулласы, елдеги барлық үлкенлерге ультиматум қоямыз деген қарарға келдик.

Дем алыс күни талқыланған ультиматумның мазмуны—мәниси ҳәммеге мақул түсти.

Жуўап келгеннен кейин ондағы хабарға қарай ҳәрекет ететуғын шығармыз сирә.

## САЛАҚБАЙДЫҢ МҮЛИКЛЕРИ

*(ертек-повесть)*

Дүньяда нелер болмайды дейсең. Мәйектен үш аяқлы шөжелер шығады. Сыйырлар еки баслы бузаў туўады. Қоразлар таң азаннан шақырып турып бирден «турың» деп бақырып жибергендей болады. Ийтлер аўылдың шетиндеги тоғайға қарап үрип турып сағалға жете алмай қалғанына налынып жылап турғандай туйылады.

Сизлер ҳеш қандай таңланбай-ақ қойың. Көп нәрселер ойламаған жерде болады. Ҳеш қашан сөйлемей жүрип, бирден сөйлеп жиберген баланы, күлегиш қызлардың ҳеш қандай күлмейтуғын болып қалғанын билесизлер. Билмесеңлер билип қойың. Сондай ўақыялар да болып турады. Сениң папкаңа я малақайыңа, яки етигиңе тил питип бирден сөйлеп кетиўи тәәжип емес. Бундай ҳәдийселер гейде қуўаныштан жүз берсе, гейде қатты қыйналғаннан да, қорқыныштан да болыўы мүмкин. Таңланбай-ақ қойың. Сөйлейди. Ал, егер инанбасаңлар усы ертек арқалы билип аласызлар. Сол арқалы өзлериңиздиң мүликлериңиздиң жағдайларынан хабардар болыўға әдетленесизлер.

Аўа, Салақбайдың папкасы, етиги ҳәм малақайы үшеўиниң сарсылып узақ түнлерде сөйлескенлерин еситкенде өзлериңизден өзлериңиз мойынлайсыз.

Дурыс, олар сөйлеседи екен деген ғаўасат тарағанда ҳәммеңиз де инана қойған жоқсыз. Бирақ болған ўақыяны көз бенен көрип, қулақ пенен еситип турсаң инанбаўға бола ма? Өзлериңиз-ақ көре қойың. Гүмансыраў түўе өзлериңиздиң мүликлериңизге итият болыўға ҳәрекет қыласызлар.

...Әлбетте биз гүўа болған ўақыямызды бирден басламаймыз. Сол ўақыяның тийкарғы себепшиси Салақбай. Бирақ бул ҳаққында да айрықша тоқтамаймыз. Себеби оның ким екенлигин етиги менен малақайы ҳәм папкасының өзлери-ақ айтып береди. Олар сөйлейди. Аўа.

## «ҲҮРМЕТЛИ ОРЫН»

Салақбай дәлиздиң қапысын ашыўдан папка күндеги әдетинше бар күшин бойына жәмлеп, серппедей секирип түсиўге таярланды. Жүреги дүк-дүк урып, көзлерин тас қылып жумып алды. Көзлерин жумбаған менен не қылады. Өзи қәлеген жерге түсе алмайды. Салақбай қай жерге ылақтырса сол жерге түсетуғын болғанлықтан көзин жақсылап жумып алғаны жақсы.

Дийўалға дүгетуғын болса келемен дегенше жүреги қалтырап азапқа қалып жүрмейди. Тық етип дүккен ўақытлары бир-ақ биледи. Бир жери испейди ме дейсең бе? Искен менен не қылады? Көнеди. Маңлайының ямаса шекесиниң гүптей болып исип жүргени жаңа емес ғой. Көреди дә.

Папка мүйешке ушып келип дүрс ете қалды. Бетин қорғайман деп жүрип, басын урып алды. Көзиниң алдында майда-майда жулдызшалар пайда болып биразға шекем сембей қойды.

Папка көзин ашпастан тас төбесин оң қолы менен қатты қысып аўырсынып бираз отырды. Кем-кем қолының астынан исик билине баслады.

Дийўалға дүккени аздай қақ жаўырыны ҳәм тас төбесине бир-бирден етик тийди. Ол есеңкиреп қалды. Есине азмаз келгеннен кейин етик пенен урысқысы келип турды. Бирақ олардың да өз ерки өзинде емеслиги есине түсип пәсине қайтты ҳәм шаўқым көтерип отырыўға тартынды да. Екеў ғанасы болса гәп басқа. Бул жерде Салақбайдың маңлайы сынып қалған ески шапкасы, қолтығы жыртылған костюмы соған қусаған және бир неше жазғы кийимлер жатыр. Олар мәўсимлик болғаннан кейин узақ уйқылайды. Сонлықтан да папка олардың оянып кетиўинен тартынады. Ким биледи кийимлери де Салақбайдың өзине усап оянып кетсе жылап қоймай жүрсе. Олардың да ишине бүгип отырған қандай дәрти барын ким биледи. Қәйткен менен де шыдай алмаған папка ашыў билдирди.

— Абайламайсаң ба. Ҳәр күни өзиңнен бурын келип туратуғынымды билесең. Мен болмаған менен басқалар бар ғой.

— Енди не исле дейсең папка жора. Аўҳалым өзиңе аян. Мына турсыма қарамайсаң ба?—деди Етикбай муңлы түрде ылай-ылай болған үстин көрсетип.—Оғада әбигерим шығып баратыр. Қабырғаларым сөгилип кетежақ. Ызғар деген тас төбеме шықты. Саған қатты соғылмайман деп жүрип жерге басымнан қуладым.

— Өкпелейтуғыны жоқ,—деди шеп етик силкинип. —Көне, бересең. Мениң де қабырғам сөгилмеседе бүйирим менен еңсем тесип шығайын деп турыпты.

— Қәйтемиз. Сизлерге тоңқылдамай кимге тоңқылдайман. Аналар болса уйқылап атыр,—деди Папкабай кийим илдиргиштеги ҳәм төменде жатырған кийимлерди ийеги менен нусқап.

Олар демниң арасында бойларын суўық сорып буйыға баслады.

Папкабай ким менен сөйлесерин билмей өзиниң шылт жаңа ўақтын еслеп ойға талды.

## ОЙЛАСАҢ, ОЙЫҢА ЕСКИЛЕР ОРАЛАДЫ

Онда күн оғада ыссы еди. Папка да қапталындағы көп жолдаслары менен бирге машинаға тийелди. Тийелгенде де түсиргенде де, жолда киятырып та ол оғада қыйналды. Билеклери жуп—жуўан ҳаял балаларын ертип келип машинаның ишине ылақтыра баслады. Папкалардың қалайынша орналасып атырғаны менен ҳешқандай қызыққан жоқ. Қими шүй төбеден, кимиси бир қапталдан, кимиси шалқасына келип түсе берди. Күшли қоллар менен ылақтырылған олар бириниң үстине бири реҳимсизлик пенен жыйнала берди. Бурынлаў келген бизиң папкамыз оғада қыйналды дейсең. Ҳеш дем ала алмай қалды. Адамлардың өз-өзлери түсиниске сыяқлы қысылған папкалар өз-ара бақырысты, қышқырысты, ҳәттеки үстинде жатырғанлары менен астында қалғанлары урысып та қалды. Пайдасы не, буны өзлеринен басқа ҳеш ким еситкен жоқ.

Машина ҳәр секирген сайын қабырғасы сырқырап, олар өлер ҳалында зорға жетти. Машинадан түсиререде те тап тийелгендей баса бас болды. Олардың сатылыўы да оннан бетер болды. Көптен бери папка келмеген

бе, ямаса папка алатуғын ўақытқа туўра келип қалды
ма, әйтеўир қарыйдарлары жүдә көп болып шықты.
Нағыз ўақтында дуканға түскенин папкабайлар байқа-
ғанды дейсең бе? Қашан болмасын папка ийесин, ийеси
папкасын таңлайтуғын ўақытлар болады ғой.
Сизлер адамлардың папка таңлайтуғынын билесиз-
лер ғо. Ал, папканың ийе таңлайтуғынын билмейтуғын
шығарсызлар. Исенбейсизлер ме? Исене бар, папкалар
ийе таңлайды. Олар фабрикадан шығатуғын ўақытлары
сизлер ҳаққында сөйлейди. Билетуғынлары бурын есит-
кенлерин үйретеди. Таңланбай-ақ қойың. Олар да таза
жүргенди жақсы көреди, тәртипли оқыўшыларға папка
болғанды қәлейди. Ҳәр мүйеште азап шегип жатқанды
ким жақсы көреди?!
Папкабай көп тартыспақта бир кус басқан қолға тап
болды. Мықлы қол қулағынан беккем услап көпшилик-
тиң арасынан суўырып алды. Ол ҳәр қыйлы түйиншик-
лерди папкасының ишине салып, қарнын сызлатты.
Өзи бастан-ақ талабы келиспеген екен-аў.
Ол сол ўақытлары өз ийесиниң Салақбай болатуғы-
нын қайдан билсин. Билгенде бир иләжын табарма еди.
Ол ҳаялдың қасында киятырып қандай адам екенлигин
билмей ҳайран. Көп ойға батты. Оннан баласын сора-
мақшы болып еди. Бирақ папканың сөйлегенлиги ҳақ-
қында гүў-гүў әңгимениң тарап кететуғынын ойлады.
Фабрика бетте көпшилик жыйналып сөйлескенде пап-
калардың өз ара сөйлескенин адамлар ҳеш қашан есит-
пейди деп айтысатуғын еди. Сол есине түсип сөйлегиси
келди де, тағы дәслепки пикиринен қайтқысы келмеди.
Гейде усындай аўҳалға түскенин өзиниң иретсиз бир
сөзлигинен де көреди.
Ол таза ўақтында онша көзге түсе қойған жоқ. Өйт-
кени, ондай таза папка ҳәммеде бар еди. Бирақ басқа-
лардан бир айырмашылығы болды. Илдиргиши үшеў
еди. Ең төмендегисинен илдирсе, жүдә ықшам болып
туратуғын еди. Ортаңғысынан илдирсе азмаз бүйири
шығыңқырап турады. Ал ең жоқарғы илдиргишинен
илгенде бүйири шығып дым сықылсыз болып қалатуғын
еди. Бирден илдиргишлери еске түсип соң оғада аўырып
сызлап кетти. Ол гижинип сөйлеп жибергенин байқа-
май қалды.
Бойын изей жайлап уйқылай алмай отырған қос етик:
— Папкабай, не болды, уйқысырап атырсаң ба?
Даўысың қатты шығады ғой,—деди қосыла сөйлеп.
— Әй несин айтасызлар. Өткенлер есиме түсип шад-
лы күнлеримди еслеп атырман.
Папка даўысын шығарып сөйледи де, жылағанын
көрсетпей көз жасларын сығып таслады.
— Шынында да таза ўақтыңды еслесең Салақбай-
ға қалай келип қалғаның есиңе түседи.
Оң етикбайдың айтқаны шеп етикке негедур жақ-
пай қалды.
— Несин айта бересең. Айтқан менен пайда бар ма?
— Сен мени қуртқан, ҳәмме ўақытлары не тепсе де
мениң менен тебеди. Сен болсаң ҳеш нәрсе ислемейсең.
Соннан кейин сен тазалаўсаң. Маған қарағанда қуўат-
лысаң.
— Мағаи неге тоңқылданасаң. Сен барып бир нәр-
сеге дүккенде мени шад болады дейсең бе? Жүдә өк-
пелегишсең дә!
Сәл жерде еки етик айтысып кетти. Ашыўы келген
папка сөйлеп жиберди.
Үстилериңизден қолаңса аңқып алып неге урысып
атырсызлар? Қоясызба, жоқпа. Урысқанша үстилери-
ңиздиң ийисин кетириң.
Папка ҳеш қашан ойламаған нәрсени қалайынша
айтып салғанын билмей-ақ қалды. Қәйткен менен де
бирге болатуғын дослары емес пе.
Бирақ қос етик оған тоқтай қалған жоқ. Төрдеги
есик шыйық етип ашылып булардың қапталына жақты
түскенде ғана тым-тырыс болды.
Олар үнсизлик пенен биринши дусласыўын еследи.

## ҚОС ЕТИҚ ПЕНЕН ПАПҚАНЫҢ УШЫРАСЫУЫ

Папкабай Салақбайдың қолына түскеннен кейин аз-маз, күн қәдирли болғанын тап бир ертеклерде оқығандай еслейди. Жақсы күнлердиң басынан кешкенине исенгиси де келмейди. Усы ҳалында басқаларға жақсы күнлери ҳаққында айтыўға уялады. Айтқаны менен бәрибир олар исенбейди. Масқаралап күлиўи мүмкин. Өйткени ол жердеги Салақбайды таныйтуғынлар оның жағдайын бес бармақтай биледи. Күндеги Папкабайдың аўҳалы ҳәммеге аян.

Қулласы, жақсы күнлер тез таўсылды. Кеште әкелип таслаған папканың ҳалынан ертеңине оқыўға кетер де хабар алатуғын болды. Китаплар тырсыйып ишине батып жанын көзине көрсетеди. Бир минутқа болса да жеңилленетуғын ўақытлары болмайтуғын түнлер жийиленип кетти. Бурынлары да тәўир еди. Қай жерге тасласа да онша аязламай азанда Салақбайдың қолында кете беретуғын еди.

Бир жылды толық басынан кеширип көрмеген Папкабай қыстың жақынласып киятырғанын билмес еди. Билгенде жыллы ўақытта қай жер болса, сол жерде жатқанларына налынбас еди.

Гейде дым кеўилиң толмай жүрген нәрселер де әжептәўир болып қалады екен. Тоңып бүрсеңлесе де күн бойы көрген қыйыншылықларын бирме-бир көз алдынңан өткерип болып, тыныш ғана уйқылай қойыўда өз алдына ғәниймет екен. Сондай жағдайға да зар болып, қалатуғын ўақытларының болатуғынын Папкабай өз басындағы ҳәдийселерден байқады.

Папкабай Салақбайдың теўип кеткенин, партаның үстинен қулағанда шаңын да қақпастан аяғы менен ғана тикейтип қойғанын ойлап, ызасы келип, узақ ўақыт уйқылай алмай жатты. Көзи илинип баратыр екен, бир нәрсе шүйик-шүйик еткендей болды. Папкабай не екенин биле алмай ақылы ҳайран болды. Ойланды.



Әлле нәрселерди ойына түсиргиси келди. Бирақ бундай сес шығаратуғын мақлуқ ҳаққында айтылған әпсаналарды да есине түсире алған жоқ.

Жатырған жери қанша қараңғы болса да жайдың иши болғаннан кейин ол онша қорыққан жоқ. Дийўалдың сыртындағы нәрселер шығар, ямаса қулағыма солай еситилген шығар деп те ойлады.

Тағы алаңсыз уйқылап кетти. Түнниң бир ўақытларында бүйиринен бир нәрсе түрткендей болды. Тислерин де салып көре ме қалай-қалай Папкабай дәслеп түс көрип атырған шығарман деп уйқылы ояў жата берди. Жыбырласқан нәрселер кем-кемнен ҳәрекетин үдетип жиберди. Тислери де қатты-қатты бата баслады. Уйқысы шайдай ашылды. Олар өмиринде көрмеген бир нәрселер, тап бир жансыз заттай папканың қай жери болса сол жеринен түрткилеп жүрипти.

Бирден сол мақлуқлар тисинде қурып кетиў қорқынышы Папкабайды есеңкиретип жиберди. Ол бар даўысы менен бақырыўға сәл қалды. Қапталындағы шыйқылдақ қапы ашылып иштен үсти—үстине жөтелип ғарры шығып келмегенде сөзсиз бақырар еди.

Ол ўақытлары ғарры ҳеш қашан еситип көрмеген даўысты еситип ақылы ҳайран болар еди. Бирақ усы бүгинге шекем бундай даўысты ҳеш еситпей киятырмыз. Еските алмайтуғын да шығармыз. Өйткени, Папкабайлар бизлерге өз жағдайлары ҳаққында бир нәрсе айтып жарыла қояр деппедиңлер. Әй, яғә!

Сондай үрейге толы бир түн қыйыншылық пенен өтти. Таң атты. Күн шықты. Күндеги тиришилик басланды. Қәле, қәлеме, кешқурын Папкабайдың өз орнына баратуғынлығы заңлы қубылыс емес пе?!

Бираз ўақытқа шекем адамлар кирип шығып жүрди. Өткен ақшамғыдай мақлуқ келмеди. Бирақ өзине таныс оғада жағымсыз бир ийис оның мурнын жарып баратыр еди. Әлле қайдан бир Папкабай ҳармасынға келип қалғандай түйилер еди.

Қызық ол узақ ўақыт мурнын көтерип ийискеп жатты. Тап бир териден буйымлар соғыў фабрикасына кирип кеткендей сезер еди. Бахытқа жетип қалыўда сәл жерде-аў. Папкабай шылт жаңа болып, өзиниң дәслепки досларына қосылғандай сезинди. Қуўанғаннан ким еситер дейсең деп ысқырып та жиберди.

Бирақ оның даўысын биреў еситип қойды.

— Уай-бой, бул қандай мақтаншақ,—деди Папкабайдың ысқырғанын онша менсинбей—Шадлы ысқырықтың ийеси менен танысыўға болар ма екен?!

Оның даўысы дәлиздиң төринен кек етиўшилик толқынлары менен еситилип турды.

Төрдеги биреў өзин кек етип сөйлеп атырғанын еситкен папка оған даўыс бергиси келмей еки қолын тарақ алып, басының астына қойып, шалқасына жатып үстиндеги кийим илдиргишке көзин тикти.

«Не қылсам екен. Мынаның сөзи оғада батып кетти-ғой» деп ойлады ол. Көбинесе оның ойын тери ийиси бөле берди. Мүмкин усы даўыслар жағымлы ийис шығып турған нәрсениң не екенлигин билер деп ойлады.

— Мен Папкабайман. Салақбайдың мүлкимен,—деп ол ашыўын ишине жутып, сөйлесип көрмекши болды.— Сиз ким боласыз? Бул үйге қонақсызлар ма?

Қосарланып сөйлеген даўыс ҳәм күлки еситилди.

— Қонақсызлар ма?! Ҳа—ҳа—ҳа!

— Оның неси күлки. Қонақ болмасаңыз Салақбайдың бир нәрсеси боларсыз. Қәйткенде де бийәдеплеў көринесизлер. Мәйли, сөйлеспей-ақ қойың. Бир табысармыз.

Папкабай қос даўысқа ызасы келсе де жағымлы ийисти ийискелеп уйқыға кетти.

Азанда манаўсырап уйқысынан ояна алмай атырғанда Салақбай келди. Ол жақынлаған ўақытлары кешеги ийис тағы аңқып кетти. Тап папканың мурнына ийискелетип атырғандай туйылды. Не деген жақсы ийис. Туўысқанларының ийисине не жетсин.



Салақбай ҳәйле—пәйлесине қаратпай мурнынан қатты қысып услап алды да сыртқа шықты. Бираз ўақытқа шекем мурнын жаздырмай жүрди. Енди оған туўысқанының ийисин сезбек түўе дем алыўы мүмкин болмай қалды. Ким биледи. Салақбайдың өзи менен көп ойланатуғын досты ушыраспағанда Папкабай демигип қаларма еди.

Салақбай достысы менен сәлемлескен ўақытлары Папкабайды екинши қолына аўыстырып қулағынан услап алды. Бул ирет қулақтан услаған ўақытлары күндегидей қыдығы келген жоқ. Ҳәттеки аўырсынбады да. Күнде ушырасқанда өлердей жаман көрип туратуғын Салақбайдың достын жанындай жақсы көрип кетти. Қолларынан сүйип-сүйип алып рахмет айтқысы келди. Иләж қанша ондайлар Папкабайлар ушын қадаған етилген.

Папкабай мурны босағаннан кейин үсти-үстине дем алып, ҳаўаны ынтыға жута берди. Ҳаўаны ишине сиңирип тартып атырғанда бағанағы териниң ийиси тағы келгендей болды. Папкабай өзине солай сезилип атырған шығар деп итибар бере қойған жоқ. Олар қанша жүрсе де ийис сонша жақынлап түскендей болды. Ийис Салақбайдың аяқ бетинен шығып киятырғандай еди. Папкабай бир көриўге ынтық болып төменге қанша қараса да көре алмады. Классқа барып партаның астына былш ете қалғанда барып Салақбайдың аяғындағы етиклердиң ийиси екенлигин билди. Ол өзиниң қапталынан туўысқанлар тапқанына қуўанып, «Ура-а!», деп бақырғысы келип турды. Адамлар арасында папкалардың бақырыўы қадаған екенлигин ойына алып сестин шығармады. Усындай тәртип қайсы тәрептен шықса да Папкабай алғыс айта қойған жоқ. Ол ҳәммениң көзиниң тасасын алып қос етикке көзин қысып қойды. Бирақ олар өзлериниң тазалығына шад болып Папкабайдың көз қысқанын байқаған жоқ. Таза етик болғаннан кейин Салақбайдың класслaслары келип

көрип мақтасып атырған еди. Ҳәммениң дыққат итибарына илинип атырған Етикбайлардың Папкабайдың көз қысқанын байқамай қалғаны да жақсы болды. Ким биледи, олар тилин шығарып мазақ қылар ма еди. Буны көрсе Папкабай әлбетте қапа болады. Тәғдийри келиспесе ийесиниң себебинен келисиңкиремей турыпты. Болмаса оғада ақыллы папка емес пе? Ишиндеги китап дәптерлерди қаншама апатлардан сақлап қалып жүрди. Буған әлбетте ақыллылық керек тә. Сондай ақыллы Папкабай әлле неткен Етикбайдың тил шығарғанына көне қояды дейсең бе?

Папкабай үнсизлик пенен кештиң болыўын күтти. Салақбай оқыўдан қайтты. Папкабай тағы да ушып барып өз орнына орналасты. Күнде дийўалға дүгип шынығып қалғанға ма, ямаса Етикбайлар менен ушырасыў қуўанышына ма Папкабайдың дийўалға соққан жерлери онша аўыра қойған жоқ. Ол асығыслық пенен Етикбайларды күтти.

Етикбайлардың бириншн келиўи Папкабайды қуўандыра қойған жоқ. Ҳеш қашан көрмеген дәккилерин қос етиктен көрсе ким жақтырады дейсең.

— Көзлериңиз жоқ па, сизлердиң?—деди Папкабай ашыў менен өзин услай алмай—Турың жоғалың мениң қапталымнан. Тур деймен, тур.

Ол бүккесине түсип, басына еки қолын жаўып жатырған қос етикке доқ ура баслады. Биразға шекем олардан жуўап болмағаннан кейин екеўин шайқай баслады.

— Турың, тур. Тиримисизлер.

Олар ыңқылдап, сыңқылдап басларын көтере баслады. Не болғанына түсинбей олар бираз қарасып отырды. Бирден екеўи де өрре турып, кетиўге таярланды.

— Бизлер кетемиз. Бундай азапқа көнбеймиз.

— Дурыс, бул азапқа көниўге болмайды. Бирақ ойланыңлар, сизлер тазалық етпеңлер. Кеткен менен



кимге барасаң. Дадыңды кимге айтасаң. Оннан да бәримиз жыйылып Салақбайды тәрбиялайық. Басқа балаларға үлги болатуғын болсын. Сонда узақ жасаймыз. жүзимиз жарқын болады.

Папкабай дәслеп қанша ашыўланса да оларға тәселле берди. Ойына туўысқанлығы түсти. Өткен түндеги шыйқылдыдан қорықты. Онда бурыннан-ақ ақыл тыңлағандай дос болса, биригип Салақбайды тәрбиялайман деген әрман бар еди.

Олар солайынша досласып кетти. Гейде кеўли көтериңки ўақытлары «мениң қолаңса ийисим» деп те еркелетип қоятуғын еди. Деген менен олардың өз-ара шегинисип қалатуғын ўақытлары да болып турды.

## БИРИ-БИРИНЕ УСАМАЙТУҒЫН ЕКИ ТҮН

Папкабай менен Етикбайлар солайынша жасай берди. Өз ийеси Салақбай күтә салақ, мүликлерине ҳеш итибар бермейтуғын еди. Мәйли, түбинде бир хызметимизди билер деген пикир менен олар бир-биринен қалыспай хызмет ете берди.

Ҳеш қандай дем алыс дегенди билмейтуғын Папкабай кешкисин негедур қапа болды. Бәрқулла ойланып жүретуғын оның жүзинен күлки деген әлле қашан-ақ үркип кеткен. Ким биледи, суткалар даўамында ишиндеги китапларын алып бойын жеңиллетпегенге өкпеледи ме? Ямаса басқалардың папкалары қусап қоллардан түспей жүрмегенге қапа болдыма? Жалын етип мүйешке орналасқаннан кейин қан басымы артып кетти. Ҳеш адам түсинбейтуғын өз тилинде әлле нәрселерди айтып тоңқылданды.

Оған да аңсат емес ақыры. Өзинен бурын келген Папкабайлар басқалардың қолларында елеге шекем шылт жаңа ҳалында сақланып турыпты.

Тәнеписте барлық балалар шығып кетеди. Сол ўақытлары ҳәммеси жыйналып сырласады. Сондайда

таңлайлары түскенше ийелерин мақтайтуғын Папка-ларды айтпайсаң ба?! Олар ҳәр күни ишин сыпырып, қағып, таза ҳаўада самаллап, жүдә, қәстерлейтуғынын айтысады.

Бизиң Папкабай да өзиндей дәртлеслер менен бирге үлгили оқыўшылардың мүлки болыўды әрманлады. Әлбетте, олардың ҳешқайсысы бул пикирлерин өзгелерге еситтирмей ишлеринен қайталайды. Бақырып ҳәммеге еситтирген менен пайдасы жоқ. Буны олар да биледи. Әлбетте. Өз ийесин жаманлап жүрген папканы көрдиңлер ме? Жаманлап жүргенде де ишинен мақул екен деп ҳеш ким қарсы ала қоймас.

Барлығы гейде—гейде Папкабайдың көз алдынан өтип турады. Ҳәзир де соларды еслеп, кеўил хошы болған жоқ.

Есиктен Салақбай кирип келди де аяқларын гезек-гезек силкип-силкип жиберди. Етикбайлар изли-изинен ушып барып, Папкабайдың дус келген жерине былш- былш тийди.

Ол тисин тисине қойып өзин зорға услап отырды. Салақбай көзден таса болғанша ғана турды. Етикбайларға қарап қатты ашыў менен сөйлей берди.

— Тепки жеп, сөз еситпейин десең ҳәр қашан өзиңди таза услаўың керек. Қаншама кеш келсек соншама жумыс ислеймиз.

— Көремиз, сениң қашанға шекем таза болғаның-ды. Меннен қаншама кейин араласқаныңды билмейсең бе? Аман болсаң хызметиңди көрермиз.

Папкабай ашыў менен көп нәрселерди айтып тасланы. Ол Етикбайдың гәплерине ызасы келип, сестин шығармастан жылап жиберди. Оның қәҳәрленгени соншелли көз жасын ҳешкимге көрсетпей жутып жиберди.

Етиклер де ҳеш қашан тозбайтуғындай бир-бирине тәселле бермеди. Аяққа кийилген еки күн оны тоздыра қоймағаннан кейин ҳәмийше сондай болып жүретуғындай туйылды.



Папкабай менен Етикбайлар түни менен де, азанда да, күн бойы да бири-бири менен сөйлескен жоқ. Папка оғада қапа болып жүрди. Қанша қапа болса да Етикбайлардың туўысқанлығы бар, бир адамға хызмет қылатуғынлығын, ҳәттеки бир жерде жататуғынлығын есапқа алып, Папкабай олардың қыңырлығын кеширгиси келди.

Басына не түспеген, қыйыншылық көрмегенлер онша жақсылықтың қәдирин биле бермейди ғой.- Оң Етик Папкабайға жақынласып, келисип кетиў кереклиги ҳаққында айтқан менен шеп Етик тыңлай қойған жоқ. Бәри де еркеликтиң бәлеси. Салақбай көбинесе оң Етикти жумсайтуғын болғаннан кейин шеп Етик азмаз менменлеў болайын деген.

Кешқурын күтилмеген ўақыя жүз берди. Етикбайларды тәўбеге келтирди. Салақбай жүўырып киятырып шеп Етикти кебирдиң ашшы батпағына тығып алды. Ал сол ўақытта оң Етик пенен пүтин тас гербишти бир тепти. Биреўи қулақ мурнына батпақ кирип мантықты. Екиншиси тасқа тийип, сүйеклери сырқырап оғада қақсады.

Күндегидей аяқтан шығыўдан Папкабайдың қапталына мардыйып келип отырмай әсте ақырынлық пенен мурынлары салбырасып келди. Аўырғанын қалай қойдырыў жолларын сорай алмай екеўи Папкабайдың алдында бас ийип бираз турды.Папкабайдың хабарласпай қалыўы ямаса етиклерди қуўып жибериўи де мүмкин еди. Бирақ Папкабай олай ислемеди. «Билмегенди кеширмесең, билгениң қурысын», деген нақылды ойына түсирди де оларға әсте ақырын жүзин жибитти.

Қуўанғанынан қос етик көзлерине жас алып Папкабайдан кеширим сорады. Ҳеш қашан урыспай дослықта жасаўға сөз берди.

Сол түнде олар жаңа танысқандай оғада сыпайышылық пенен бир—бириниң кеўлин бағып узақ сөйлесип жатты. Күнлердиң усылайынша қуўанышлы даўам ете бериўин тиледи.

Булардың барлығын кийим илдиргиште илдириўли турған малақай еситип турған еди.

## МАЛАҚАЙДЫҢ ПАПКАБАЙ ХӘМ ЕТИКБАЙЛАР МЕНЕН ТАНЫСЫУЫ.

Салақбайдың мүликлерин бағанадан берли бақлап турған малақай инанарын да, инанбасын да билмеди. Не де болса, ол төменде сөйлесип атырғанлар менен сожақыннан таныс болып алыўды ойлады. Өйткени солар менен тәғдирлес екенлигин билетуғын еди. Не делер менен малақай деген бастың қорғаўшысы ғой. Онда недәўир ақыл болыўы керек. Малақай төменге мойынын созып, әри—бери сөйлеспекши болды. Сабырлылық қылып жақын келетуғын хәм хәмменин тынышланатуғын ўақтын күтти. Ол енди қалай жақынласыўдың жолларын ойлай баслады. Ҳеш илажын таба алмады. Қимге ойласқанда да Етикбайлар менен малақайдың бир жерде жасаў жоллары ҳаққында ҳеш нәрсе айта алмаса керек. Малақай бас кийим. Етикбайлар аяқ кийим. Ал Папкабай болатуғын болса, Салақбайдың саўатын ашатуғын китаплардың қорғаўшысы. Ол Салақбай болған жерде болыўы керек. Малақайға усы ой келген ўақытлары бир мүйеште Етикбайлар менен жатырған Папкабайдың жағдайы қалың сары шашын тикке турғызды.

Салақбайдың шынында да бийрәҳим болғаны ма? Я ол сабақ таярламай ма? Мүмкин сыртта жумысы болып асығыслықта таслап кеткен шығар. Сабақ таярлайтуғын ўақытлары алып кететуғын шығар.

Ол енди Папкабай төрги жайларға кетип қалмасынан бурын сөйлесип қалыўдың жолларын излестирди



Оның көктен тилегенин жерден берди. Ағасының тонын қыстырыўға келген Салақбай өзиниң тап—таза малақайын түсирип жиберди.

Папкабайдың үстине түскен малақай кеширим сораўға Салақбайдан тартынып, буғып отыра берди. Жаңа танысыўға ирети келгенде Папкабайды алып кетпеўди тиледи. Бирақ Салақбай бул жерде өз мүликлериниң бар екенлигине де итибар берген жоқ. Келиўи мәттал тап биреў қуўып киятырғандай төрги бөлмеге қайта кирди.

— Уҳ!—деп демин алды малақай.—Түскеним қандай жақсы болды. Досларым менен сөйлесип, жалықпай ўақыт өткеретуғын болдым.

— Сен түскениңе қуўанбай-ақ қой. Еле өз орныңа барыўға да зар боласаң. Жатқаныңа ишиң писип кетеди.

Папкабай бийтаныстың танысыўға болған ықласына сүйсинсе де оған туўрысын айтпай тура алмады.

— Бәриниң де есабы болар,—деди Малақай, аталарынан үйренген сабырлылығына салып,—Кеширим сораўға да ирети болмай атыр. Аңлаўсызда үстиңе секирип кеттим, кеширерсизлер.

—Бундай кеширимлердиң талайын сорайсаң еле. Усындай бир—биреўге дүгисиў күнделикли қубылыс болғаннан кейин кеширим сораўды да умытасаң. Тәртиплилигиң ушын рахмет. Сен ким боласаң?

— Мен Малақай заманласың боламан, Папкабай менен Етикбайлар. Ол дийўалға тийген қапталын киш-кене қоллары менен шаққан—шаққан қағып қойды.

— Мына малақай достымыз оғада көреген бе деймен. Ҳәммемиздиң атымызды да билип баратыр. Мүмкин бүгин басымыздан не кеширгенимизди де айтып берер.

Үстин қаққанын жақтырмаған шеп етик малақайды мысқыллап қойды.

Малақай ақыллылық пенен өзин еркин тутып, шеп етикке жөнли жуўап айтты.

— Аўа, бүгин басыңыздан не өткенин де билемен. Шеп етик жора сен бүгин ашшы кебир ылайға түсип кеттиң. Ҳәзир денеңди қысып ашытып турыпты. Ертең бел буўарыңа шекем соры шығып ағарып кетеди. Ал оң етик болса, тас теўип көзин аўыртып алды.

Шеп етик малақайдың билгишлигине таңланып, аўзы ашылып қалды. Оң етик буның тапқырлығына қанаатланса да сынамақшы болды.

— Сен булардың бәрин қаяқтан билдиң. Өзиң болса ҳәзир келгенсең, растан да көз ашықлығың бар ма?

— Буның ҳешқандай таңланатуғын жери жоқ. Бүгинги ҳәдийсени сизлердиң сөйлескениңизден билдим. Ал ертеңги ҳәдийсе, яғный шеп етиктиң ақ қуўақыланып кететуғынлығы өз—өзинен белгили. Буны билиў ушын азғантай ойлансаң болғаны. Соны да айтыўым мүмкин. Оң етик сениң тас тебиўиң усындай бир қәлипте даўам етип турса, сениң ҳеш жериң аўырмайды. Ал, иретсиз бола берсе жыртылып қалыўың тәәжип емес.

Папка өзиниң бурыннан соңғы сабырлығына салды. Шеп етик таңланса да малақайдың билгишлиги менен онша есапласқысы келмеди. Бирақ өзинен басқалардың бәрине унап атырғанын байқағаннан кейин «сениң менен жекпе—жек айтысатуғын ўақыт келер» деп қойды ишинен. Оның қызғаншақлығы басқаларға сезилмей қалмады. Ақылы кемислердиң жағдайға қарап отырмастан бир сөйлеп қалатуғын әдети емес пе?

— Көреген көремиз еле сениң болжаўларыңның дурыслығын,—деди ол мурнын көтерип. Малақай байқамағансыды. Папкабай ҳәммени қолайсызлақтан қутқарыў ушын мыйығын тартып қойды. Оң етик болса, жолдасының иретсиз сөйлеп салатуғын пәмсизлигине қы-



сынғаннан ернин тислеп, тас болмаса жулып алыўдан сәл қалды.

Шеп етикке бәри бир еди. Басқалар қолайсыз жағдайда қалып атырғанда ол өз ҳәрекетине қысынғанда жоқ.

Малақай жаңа дослардың тәртипсизлигин онша сезе қоймағаннан кейин жаңа таныс тапқанына қуўанды. Солай етип олардың таныслығы басланып кетти.

## ҚАПАЛЫ КҮНЛЕР КӨБЕЙИП КЕТТИ

Салақбайдың салақлығы жүдә асып кетти. Ол сол салақлығының кесиринен өзиниң ең жақын мүликлерине де қарамайтуғын болды. Ал олар болса көрген қыйыншылықларына ызасы келип, ашыўдан жарылып кете жазлайды.

Малақай, Папкабай, оң ҳәм шеп Етикбайлар кеште бир жерге келиўден азаннан берли көрген қорлықларын өз тилинде айтысып жарылатуғын болды.

Малақайдың таза күнлери де жылт еткен сағым сыяқлы өтти де кетти. Жылтыраған дәўири батпақ ҳәм шаңлар менен орын алмасты. Сары малақай батпаққа бир түсип кеткенде ызадан жарылып кете жазлады. Оның сондағы күйгенин айтпайсаң ба! Ашыўланбай не қылсын. Батпақ аўзы мурнына кирип туншығып өлип қала жазлайды. Бирақ ол сонша күйинсе де ақыллылыққа салды. Досларына муңын шақпады. Малақай зарланса қос етиктиң өкирип жиберери турған гәп еди. Сонлықтан да ол өзин услап, басқаларға тәселле берип отырды.

Оң етик ғой ҳәр күни кеште өз муңын шағады. Көпшиликтиң алдында қәдирсиз болып баратырғанын айтады. Денесине ашшы кебирдиң соры шығып, сай сүйегин уўлап баратырғанын ҳәр күни бир неше мәрте

қайталайды. Оған айта берме деўге қасындағылар оның өкирип жылап жиберетуғынынан қорқады.

Папкабай өзиниң көрген қыйыншылығын онша айта бермейди. Көбинше Етикбайларға тәселле береди.

Малақай да кийим илдиргиштен бир түскеннен кейин, ол қайтып илдириле қойған жоқ. Сырттан қараған адамға Малақай дослары арасында тәселле айтыўға келгендей туйылады. Өйткени шеп етиктиң езбелиги басқаларды жалықтырады. Өзи ҳаққында ойлаўға мурса бермейди. Ал малақай ҳәр қандай жағдайда да жалықпайды. Етикбай қанша налынса, сонша жубаныш таўып берер еди.

— Қарай ғой, мына түриме,—деп шеп етик тағы жыланды, үстиндеги ақ қуўақларды, қап қара болып өсип кеткен тырнағы менен түртип.—Мениң менен енди ҳеш ким хабарласпайды. Мени менсинбейди. Мына сықылымды көргенде ҳалыма маймыллар жылайтуғын шығар.

— Өйтип күйине берме шеп етик,—деди Малақай ҳәр қашанғысынша минайым даўыс пенен. — Маған қара мен жақында таза едим. Мени таза малақай болған деп ким ойлайды. Фабрикадан усындай болып шыққан десе де инанар. Күлетуғынлар да табылады. Мәйли, күле берсин. Биз олардың күлгениниң үстинен шығыўымыз керек. Малақай Салақбайды ермеклеп бир баланың күлгенин, оның уялмай ыржыйып ғана қойғанын шеп етикке айтқысы келип турды да айтпай қалды. —Сен ҳеш қандай қапа болма. Қайтама усы ҳалыңда қол үзбеген дос нағыз дос болады. Достың ким, душпаның ким екенлигин де басыңа ис түскенде айырасаң.

Папкабай еки қолын маңлайына тиреп булардың гәплерин узақ тыңлады. Малақай болмағанда мыналарды жубата алмай басы бәлеге қалатуғынын ойлады. Булар менен ақыл бириктирип бир нәрсе ислегиси келди. Бирақ не ислеў кереклигине ақылы жетпеди.



Оң етик кештеги көрген билгенлерин баянлаў пайытында күндизги көргенлерин шеп етик пенен жарысып айтты. Бирақ қайталап басқалардың мазасын алып отырмады. Қайталағанда кимге тыңлатады. Бирақ Малақай шеп етик пенен бәнт. Папкабай болса, басқалар он сөйлегенде бир сөйлемейди. Соңғы ўақытлары оның сөйлеўи оғада қыйынласып кетти. Оң етик соңын қандай да бир нәрсе ойлап жүргенин биледи. Сонлықтан ҳәммеси жыйналғандағы бир сөйлесиўден кейин, узақ сөйлеўди мақул көрмеди. Ҳәзир де солай ислеп отыр. Ети созылған қолтығын услап көрди. Басының исиклерин сыйпалады. Оның ойында бундай аўҳал қашанға шекем даўам етиўи мүмкин деген сораў пайда болды. Даўам ете берсе не ислеў керек? Бул барыстан шыдаў мүмкин емес. Әжелиңнен бурын муғаллақ атасаң. Ол жақсы ҳәм тыныш жасаўдың жоллары ҳаққында көп ойлады. Соңғы ўақытлары Салақбайдың мүликлериниң сырлары тек өзлерине ғана аян болып қала берди.

Олар не ойласа да, тис жарып бир-бирине айтпайтуғын болды. Қәйткен менен олар пикирлерин өзинше писирип алып ортаға салса керек. Шеп етик бүлдирип алмаса барлығы биригип бир шешимге келиўди өзлеринше ойлап қоянды. Өзинше тоңқылданыўу, Салақбайға наразылық күн сайын даўам ете берди.

## ТАҢ ҚАЛАРЛЫҚ ПИКИРЛЕР ОЯНДЫ

Шынында да шеп етик бүлдирип алды. Ҳәр күнги сарсылыўдан кейин бир күни қатты күйинип:

— Мен буннан артық шыдай алмайман, кетемен,— деди.

Папкабайдың аза бойы тик турды. Оң етик өз қыялының шеп етик тәрепинен айтылғанына шоршып кетти. Шеп етиктиң айтқанына исенбей «мен айтып қой-

ғаным жоқ па?» деп бираз шекем есин жыя алмай турды.

Малақай ҳәммени қолайсызлықтан қутқарды.

— Дурыс айтып атырсаң. Ашыў менен не болмайды дейсең. Қәлеген адамға тыңлатсаң да сениң гәпиңди надурыс демеўи мүмкин. Мен де мақуллайман...

Оң етик пенен Папкабай сөз бағдарына ҳайран қалып «Малақайдың да ашыўы келип, қашыў ойы бар екен аў. Қалайынша сездирмегени-ай» деп таңланысты.

— ...Бирақ ким кимнен ҳәм қандай жағдайда қашыў керек. Сол жағын есапқа алып көр. Өз үйиңнен қашыў, ийесинен бас тартыў сизлер менен бизлерге мүнәсип нәрсе емес. Ондайды тек ақылсызлар, ғана ислейди. Қыйыншылықсыз өмир болама, көниў керек, —деди Малақай.

Шеп етик оншә түсинбесе де ашыў менен айтып салған сөзлерин пүткиллей надурысқа шығарған жоқ. Ол өзине сиңип қалған минезине салды. Малақайды Салақбайға жалпылдақлық қылып атыр деп ойлады. Ал оң етик пенен Папкабай Малақайдың қайсы сөзине исенерин билмей дәслепки қыялларын биреў-биреўине сездирмеўге тырысты.

Қәйткен менен шеп етиктиң ашыў менен айтқаны көпшиликке қозғаў салды. Оларда ғулғула пайда болды. Әсиресе туўысқанының сөз оң етикке оншә шеп түскен жоқ. Ол қашып кетиўге толық исенбесе де жүйрик қыялдың белине минип алып алысқа шапты. Қыял менен көп нәрсени питкерип таслады. Ҳәттеки усы ўақытқа шекем ҳеш ким көрмеген бир тиришиликке тап болды. Әлбетте булардың бәри де ҳәзирше тек қыялында екенлигин сизлер түсинип атырған шығарсызлар.

Салақбай менен усы жердегилердиң бәринен де бурынырақ жолдас болып, оның адам шыдамаслық ҳәрекетлерине төтепки берип киятырған Папкабай да әжеп тәўир қыяллардың басына барды.



Енди олардың бәри де қыялларын ашық айтыўға Папкабайдан тартынатуғын болып қалды. Папкабайдың ҳеш қашан сөз тасымайтуғынын билсе де, олар Салақбайға жеткерип барыўы мүмкин деген гүманнан да аўлақ болған жоқ.

Олар әрманларын өз саналарында писирип барды.

Сабақтан кейинги ўақыт оларға тағы да қозғаў салды. Әсиресе, Папкабай басқалардың папкасындай болып бир қапталда тамашагөй болып турмағанына күйинди. Басқа папкалар қатарласып бетлери күн менен шағылысып, жылтырап футбол ойынын тамашалайды.

Ал бизиң Папкабай болса дәрўазаның бир бағанасы хызметин атқарады. Талай—талай күшли тепкиде жеди. Топтың үзиликсиз соққыларына ушырады. Оны өзиниң туўысқанлары оң етик қақ маңлайдан тепти. Шеп етик бүйиринен басып өтип кетти. Бийтаныс Етикбайлардың тепкилерин санап ушлығына шыға алмас еди. Арланып, ызадан жарылып кете жазлады. Арланғаны соншелли, қатарласып, екинши бағана хызметин атқарып турған малақайды гейде көзи менен көрмей қалатуғын еди.

Қанша айтқан менен малақай, малақай емес пе? Узақ ойын даўамында ашыўын ҳеш қандай байқатқан жоқ. Болмаса сонша малақайдың ишинде бир өзиниң дәрўазада турыўы жанына батты. Уялғанынан бети көлеңкеде пискен помидордай қызарып, тандырдың шоғындай жанып кете жазлап турды. Не деген менен басқалардан көбирек жәбир тартатуғын малақай емес пе?

Кешкисин өз-ара келиспеўшиликлер жүз берди. Қос етик ойындағы ўақыяларды айтып тартысып қалды. Анаў—мынаў нәрсеге қозғала қоймайтуғын Папкабай да азмаз тоңқылдады. Оннан аз тепки жемеген Малақай өзин зордан услап отырды. Аўырғанын ай-

тып оларға сөз қосса сөз көбейип, мылжыңпазлық басланып кететуғынын билди.

Қыяллардың шынлыққа шығыў шықпаўы нәмәлим бирақ бизиң келеси бөлимге өтиўимиз анық.

## УУАЙЫМ КӨБЕЙДИ

Тағы азмаз сөз алысыўдан кейин олар онша сөйлесе бермейтуғын болды. Тек Малақай ғана ҳәммени үнсизликтен қутқарыў ушын олардың кеўлин аўлаған болды. Мийзамкеш Малақай олардың самсазлығын гейде узақ ўақытқа шекем үнсиз гүзетеди. Бирдей уқсас күнлер өтип атыр.

Бүгин де ойын узақ даўам етти. Етиклер де, Паппкабай менен Малақай да қатты шаршады.

Олар өз орынларына келгеннен кейин ҳәммеси тап бир уйқылайтуғын дәри ишкендей қурылдасып уйқыға кетти.

Мазалы уйқыны шеп етиктиң қышқырған даўысы бузып жиберди.

— Ой, сорым қурып қалды! Мына нәрсе маңлайымды кемирип атыр.

Малақай дәслеп түс көрип атырғандай болды. Бир нәрселер қолларын, аяқларын жалап атырғандай болды. Қышқырған даўыс түсинде еситилип атырғандай туйылды.

Қорқынышлы даўыс тағы еситилди. Малақай көзин шайдай ашты.

Ҳәмме менен қосылысып өзи де бақырып жиберди. Қулақ шекеден тислеген тис оны да шоршытып жиберген еди.

Ол жердегилердиң ҳеш қайсысының аман емес екенлигин қышқырған даўысларынан билиўге болар еди.

Аламан тышқанның басшылығындағы кемириўшилер менен былша—былш басланып кетти. Салақбайдың ертеңи ушын керек болатуғынлығын билген булар



қол қаўсырып бас ийиўди нәмәрттиң иси деп ойлады. Бирақ бул саўашты Салақбай билген жоқ.

Көптен бери аңлып жүрген тышқанлар топары уйқылап атырған ўақтында ҳүжим жасаса да қолға түсире алмады. Олар бирликте қорғаныўға өтип бурыннан таярлық көрип атырған жаўыргерлерден анағурлым батыл ҳәм исшең ҳәрекет етти. Керилип созылып үлкен ала пышықтың төрги жайдан шығыўы ҳәм алдын ала планластырып қойғандай болды.

Ала пышық тамашагөй сыпатында қарап турмады. Ийиси мурнын қақ жарып баратырған тышқанлар төрепке өзин атты. Кирерге тесик таба алмай аламан тышқанның жәрдемшиси пышық тырнағында тутқын болды.

Ала пышық тырнағындағы тышқанды гә жаздырып, гә тутып, гә тислеп силикпесин шығарды. Жүрегин жарып-ақ өлтирди. Ол тышқанды пышырлатып жеп еринлерин жалап, керилип—созылып жөнине кетти.

Енди бизиң таныcларымызды уўайымның аўыр тасы баса баслады. Ҳәммесине де тышқанлар қайта айланып келетуғындай бола берди. Шынында да келиўи мүмкин ғой. Ким өз туўысқанын қурбан етип кете береди дейсең. Тышқанлар оғада қорқып қалған болыўы мүмкин, айланып соқпады. Ески таныслардың үмитин алдады.

Таң да қорқыныш пенен атты. Күндизги тиришилик басланып кетти. Бизиң танысларымыз түнги ўақыяны аз да болса умытайын деди.

Кеште қорқыныш тағы басланды. Уйқы келгенде кешти асыға күтсең де, гейде күн батып түн болғанын қәлемейтуғын ўақытлар да болады екен. Бүгинги түн танысларымызға сондай туйылды. Олар аяўсызлық пенен басланатуғын ҳүжимди ҳәр демде күтти. Бурынлары ушырасып туратуғын өз-ара келиспеўшиликлер әлле қашан тарап кетти. Бири-бирин оғада сыйлайтуғын, бир майдан көрмесе тура алмайтуғын болды. Усын-

дайда бир нийетлилердиң бир ағзасын жоғалтып алса қандай жағдайда болатуғынын билесең бе?! Бизиң танысларымыз усындай жағдайға түсип қалды. Кеште ҳәмме жыйналатуғын дәлиз мүйешине Малақай келмей қалды.

Қос етик пенен Папкабай көп күтти. Түнге қарай ўақыт жылжып өткен саҳын тәшўишлене берди. Малақайдың жоқлығы жүдә байқалады екен. Олар тап бир дүзде қалғандай болды.

Папкабай түрли нәрселерди ойлады. Машина қағып кетип кеселханаға түсип қалды ма екен депте ойлады. Ең болмағанда умытылып мектептеги кийим илдиргиште қалып қойыўын тиледи.

Оң етик ужыбатлы ойдың басына бара алмай малақайды гә, қаралады, гә аяды.

Шеп етик өзиниң шеплигине барып, бирден шепқыялға барып қалды. Ол бирден ақ Малақайды пүткиллей қашып кетти ге шығарды. Ойын өзи де узақ сақлай алмады.

Ол қашып кеткен болыўы керек. Оның сумлығы анаў-мынаў емес. Еле көрерсизлер мени айтты дерсизлер,—деди.

Шеп етик ҳәммени исендирмекши болды. Малақайдың қашып кетиўин түрли себеплер менен қайта—қайта дәлилледи. Узақ сөйледи.

Бирақ оң етик пенен Папкабай ҳеш сөз қоспай қара уўайымға батып отыра берди.

Тышқан қәўпине Малақайдан айырылып қалыў уўайымы қосылып оғада қыйнар еди. Малақайдан дерек болмады. Күнлер солай даўам ете берди. Соңғы ўақытлар кемириўшилердиң шүйкилдилери жақын арадан еситилетуғын болды. Олардың қоланса ийислери де мурынға урылады.

Салақбай болса Малақайды қайғырмайды да. Ҳәттеки оның парықсызлығынан бизиң таныcларымыздың жәбир көриўи үдей түсти.



# МАЛАҚАЙДЫҢ ДҮЗДЕ ҚАЛЫЎЫ

Узақ ойыннан кейин балалар бираз шоғырласып турды. Өз—ара әлле нәрселердиң үстинде тартысты. Салақбай да Папкабайдың томпайып шығып турған бүйиринен иле шала услап, балалардың топарына қосылды. Олар негедур бирден пытырап жөн алды қаша жөнелди.

Малақай ҳайраны шығып изинен узақ қарады. Салақбайды айланып келер деп күтти. Бирақ оның ойлағанындай бола қойған жоқ. Қағып өткен ат туяғы оны бираз есеңкиретип таслады. Көпке шекем өзине келе алмай жатты.

Арадан қанша ўақыт өткени белгисиз. Ол әсте ақырын көзин ашты. Қаяқта жатырғанын биле алмай барластыра баслады. Қуўрақ қақ жыңғылдың арасына ярым белине шекем кирип кетипти. Әри-бери түргелмекши болып еди , қысып турған мықлы жыңғыллар жаздыра қойған жоқ. Ҳәрекетсиз көз жиберди. Алыс—алысларда жулдызлар жымыңласып тур. Ол түнде жатқанда ҳеш қашан жулдызларды көрмегеннен кейин туўысқанларының қасында емес екенлигине анық исенди.

Бос қолы менен бетин, басларын сыйпалап отырды. Жүзлерине әлле қандай қатыўаш қатқандай. Басында исик байқалады. Сары шашлары да сийрексий баслаған. Малақай бул жерге қалай келип қалғанын еслей баслады.

Футбол дәрўазасының бир қапталы хызметин атқарып турды. Ойын узақ созылды. Өзиниң туўысқанлары—Етикбайлар менен басқа Етикбайлардан талай тепкилерди жеди. Балалардың жумбыршақлап басып кеткен ўақытлары да аз болған жоқ. Дәрўазаман бала талай мәрте үстине де қулады. Сонда тула денениниң сырқырап аўырғанын айтпайсаң ба. Қабырғаларым опат—опат болып кеткен шығар деп ойлады. Ойын тар-

қаҒаннан кейин мине Салақбайдың есинен шығып жатысы.

Оның ойын әтирапындағы тысырлылар бөлип жибер-ди. Ҳеш қашан көрмеген мақлуқлар тикирейисип қа-рап тур. Ол сағалларды кемириўшилердиң дәўлери шығар деп ойлады.

Олардың тесирейген көзлери жети жүйесинен өтип баратыр. Малақайға қорқыныштан қалтыратпа тийе баслады. Денеси дир-дир етеди. Өзин қанша усла-йын деген менен денени бийлей алмады.

Сағаллар көп турмастан бирин-бири қуўысып па-тырлай ала жөнелди. Арадан көп ўақыт өтпей жүдә қорқынышлы уўылдаған даўыслары еситилди. Мала-қай ҳәммеси жыйналып келейин деп атырған шығар деген ой менен киреpге тесик таппады. Денеси қый-мылдаўдан қалғандай болып сезилди.

Бирин-бири жалғастырған уўылдылар кем-кем алыслай баслады. Бирақ Малақайдың қорқынышы көпке шекем басылған жоқ.

Малақай түнниң бир ўақтында шоршып оянды. Қатты тоңып атыр екен. Ол енди өзиниң туўысқанла-рын ойлай баслады.

«Олар не қылып атыр екен. Мүмкин мени жойтып излеп те шыққан шығар. Қашып кетти деп ойлады ма, ким биледи. Шынында да мен оларға қашып кеткендей туйыламан ғой. Енди қалай табысар екенбиз. Олар мени излеп, я қашып шығып адасып кетпесе болғаны ғой. Ойсыз шеп етик көпке шекем тынышсызланып қасындағылардың мазасын алған шығар».

Таң саз берип ата баслады. Ол қысылып атырған жыңғыллықтың арасынан шықты. Қыздырынып алыў ушын арман берман жүўыра баслады. Не дәўир қыз-ғаннан кейин шығыстан күн де көрине баслады. Бүр-сеңлеп мойынларын ишине тартып мектепке қарай қатты-қатты жүрип баратырған балалар көрине бас-лады. Биреў, екеў, гейде топарласып өтип атыр. Ба-



лалардың арасында жаланбас баратырған Салақбай да көринди. Қоллары менен биресе оң қулағын, бире-се шеп қулағын услап зыңғып баратыр. Малақай ийе-син әри—бери күтти. Изинен мойнын созып бираз қарады. Оны қолындағы Папкабай да, Етикбайлар да байқаған жоқ. Әри-бери бақырғысы келип еди да-ўысы шықпады. Кейнинен өкпелеп отырып қалды. Қай-тып киятырғанда таўып алар деп үмит етти.

Қорқыныш пенен азаптың үлкени күндиз басланды. Балалардың изинен ерип баратырған еки күшик Ма-лақайды көрип қалды. Қулақларын тикирейтип бир қарады. Булар түндеги мақлуқлардай кетип қалмады. Екеўи де шапқыласып келип, ийискелей баслады. Олар жақынлаған сайын Малақайда түндегиден де бетер дирилди пайда болды.

Ала күшик қулақ шекеден бир тиследи де ылақты-рып жиберди. Жумалап түскен Малақай аўырған же-рин де байқаған жоқ. Қара күшик оған мурса да бер-ген жоқ.Ол бүйирден тислеп ала қашты. Изинен же-тип келген ала күшик екинши бүйирден тислеп тарт-ты. Ырылдасып екеўи еки жаққа тарта баслады. Ма-лақайға қабырғалары сетилип атырғандай туйылды Қанша бақырған менен қорқыныштан даўысы да шық-пады.

Малақай есинен танып қалды. Күшиклер жулқы-лап жулқылап жөнине кетти. Олардың қашан ҳәм қаяқ-қа апарып таслағанын да сезген жоқ.

## ТОҢҚЫЛДЫЛАР

Малақайдан айырылып қалған Салақбайдың мү-ликлери жүдә ашыўшақ болып алды. Ҳеш қайсысына ҳеш нәрсе жақпайды. Буған ҳәр қыйлы себеплер бар еди. Мүликлер күннен-күнге көрениш тарта баслады. Олар күн сайын жарақатланатуғын болып қалды. Оның үстине «қашып кетип арқайын» жасап атырған

Малақайдың биймәлим жағдайы булардың ҳәўесин келтиретуғын еди.

— Малақайдың ақылы бар,—деди шеп етик ҳәр қашанғысынша аўзын томпайтып.—Қандай ҳәз етип жасап атыр дейсең. Оны ҳеш ким азапламайды.

— Ой-й несин айтасаң,—деп сарсылды Папкабай.

— Бизлердиң күнимиз күнбе? Күнде кир-кир шылсаўын шала-пала орайды да тепкилейди. Бир кептирип алайын демейди. Тебә—теп. Қабырғаларым мыжымырланып қалды. Қай ўақ аяғынан шешкенше азап көремен. Ҳәр адым атқан сайын көзимниң алды тынып кетеди.

— Сен де тәўирсең,-деди оң етик шыдай алмай.

— Ең болмаса сыртың пүтин. Мениң маңлайым менен мурнымның үстине қарамайсаң ба. Дус келген нәрсени теўип өтип, қара қотыр болды. Маңлайым қыршылып миййм ағып қалайын деп турыпты. Басқа Етикбайларды көргенде жети насырың бүгиледи. Олар менен сөйлесип көрдим. Кеште печтиң қапталынан жыллы жерден орын алады екен. Бизлер болсақ бир өмир жыллылық көргенимиз жоқ. Бундай азаптан қашан қутылар екенбиз.

— Сиз Етикбайдың тегис жыланатуғынын айтып жүрсең,—деди Папкабай басқа Папкабайлар менен сөйлескенин есине алып.—Мен де Папкабайлар менен сөйлесип көрдим. Олар бәрқулла төрги жайдағы столдың қапталында болады екен. Ҳәр күни ишиндеги китапларды алып, жеңиллетип турады екен. Ал менде китаплардың орын алмасыўы жүдә сийрек болады. Бүйирим жүдә жуқарып баратыр. Ишиме ҳүўлеп самал киреди. Төгилген сыя ишимди уўдай ашытады.

Бизиң таныларымыз көп ойласықтан кейин Салақбайды тәрк етиўге келисти.



## БАС АЛЫП КЕТИЎ

Солай етип, түнде таң қаларлық ҳәдийсе жүз берди. Салақбайдың мүликлери қашты. Олар оннан артық шыдай алмады.

Таныларымыз қызыў-қызыў менен үйден шығып кетсе де, нәдәўир жүргеннен кейин аз—кем үрейленейин деди. Әтирап жым-жырт. Олардың сүйреп басқан аяқларының ғана, сытырлысы еситиледи. Белгили баратуғын жерди ойластырмағаннан кейин жөн алды кете берди. Шөплиқлердиң арасындағы соқпалардан бираз жүргеннен кейин арба жолға түсип алды. Үлкен жол оларға соқпақтан гөри қорқынышсыздай сезилди. Қапталдан қандай қәўип дөнсе де көринип келеди. Ал соқпақта болса «ҳап» деп тислеп алғанын бир-ақ билип қаласаң.

Алдыларында бир нәрсе ербең еткендей болды. Үшеўи де жолдан шетиндеги ақбаслықты паналады. Қорыққаны соншелли бир—бирине қатып, сес шығармастан отырды. Жүреклериниң дүрсилдиси қулақларына еситилер еди. Жән—жағынан убыжықлар бас салатуғындай болып сезилди. Шеп етик келип жегенин де көрмейин деп көзин қатты жумып алды.

Бираз отырғаннан кейин, Папкабай, есин жыйнап алып, отырып қулағын түрди. Ҳеш нәрсе жоқтай сезилди. Алыста қалған аўыл ийтлериниң еринип үрген даўыслары ғана еситилер еди.

Оның ойына бирден Малақай түсти.

«Ол бийшара не қылып атыр екен,—деп ойлады.

— Бизлер мынаў үшеўимиз жүрип қорқып атырмыз. Олда дүзде қалған болса жүреги жарылып өлип қалмады ма екен. Жақсы орын таўып алған шығар».

Папкабайдың ойын улыған сағал даўысы бөлип жиберди. Биреў болып басланған даўыс бирте—бирте көбейип уў—шуў болды. Сағал даўыслары алыста еси-

тилсе де, бизиң танысларымыздың зәрреси қалмады.

Бурынғыдан да бетер тығылып отырды.

— Мен қорқып баратырман,—деди шеп етик жыламсырап.—Мына шуўласқанлар бизлерди жеп қойса не қыламыз.

Тыныш отыр дегендей оң етик өз жубының аўзын басты.

— Неге қорқасызлар?—деди. Папкабай қанша қорқып отырса да қасындағыларды жигерлендириў ушын.

— Бизлер жалғыз емеспиз. Көрермиз дә Келету ғын нәрселер бизден күшли дейсең бе. Қорықпаў керек. Қорықсаң душпаныңның қурбаны боласаң.

Папкабай қанша батыллық көрсетиўге урынған менен даўысы қалтырап, қәўетерленип турғаны сезилер еди.

Даўыс кем-кем алыслай берди. Етикбайларға сағаллар Папкабайдың батыллығынан алыслап баратырғандай туйылды. Қорқыныш та азмаз серпилейин деди.

— Бул отырыстан пайда жоқ,—деди Папкабай.

— Кетиўимиз керек.

Олар путаның артынан сақлық пенен шыға басла-ды. Әтирапына жалтақ-жалтақ қарап гүзарға түсти.

Папкабай алдына түсип жүрип кетти. Оң етик қорыққанынан ағайининиң қолынан услап, пысынап жүрип киятыр. Ҳәр кимниң ойы өзи менен.

Ойларындағы қорқынышты бир-бирине айтса, ойлап киятырғанлары болып қалатуғындай.

Туўысқанлар көп жүрди. Жолдың шетиндеги ҳәр қыйлы путалықлар қорқынышты бүркеп алып узатып қалып атыр. Оларға үрей менен көз тиксек қозғалып кеткендей болады.

Бирден жақын арадан сағалдың улыған даўысы еситилди. Папкабай қапталға бойын таслады. Домалап барып, қатқалақтың үстине былш етти. Етикбайлар



изли-изинен оның үстине қулады. Олардың салмағы менен бели үзилип кете жазлады. Аўырсынып бақырыўдан сәл қалды.

Олар қулаған жеринде биразға шекем жатты. Папкабай қанша аўырсынса да тисин—тисине қойып шыдады. Көп ўақыттан кейин ҳәммесиниң үстине түскен оң етик жылысып түсип қапталға жатты.

— Мен қорқып баратырман,— деп сыбырланды. Папкабайдың үстинде жатырған шеп етик.—Ортаңызда жатайын.

Ол жуўап күтип отырмастан жылыслап ортаға кире баслады.

Астынан өтип атырған изей, батқан тоң кесеклер билинген де жоқ. Олар қанша уйқысы келсе де уйқыламаўға ҳәрекет етти. Кишкене қоллары менен айқасып баратырған кирпиклерин тартып—тартып қояды. Қалғып баратырғанларын түртип оятып отырды.

Күн шығардың алдында уйқыға күши жетпеди. Мойынларын ишине тартып теңине қурылдай баслады.

Ҳәзирше булар уйқылай берсин малақайдың ҳалынан хабар алайық.

## ҚАҲАРМАНЛАРЫМЫЗДЫҢ СОҢҒЫ ТӘҒДИЙРИ

Путаның түбинде домалап жатырған малақайды күс басқан, үлкен қол қысып алып арбаның ишине ылақтырып жиберди. Азмаз есеңкиреп жатқан ол қапталындағы тоңқылдыдан өзине келди. Арба иши толған ҳәр қыйлы шүберeклер, көрпениң жуллығы. Арасында өзиниң туўысқанлары—ески малақайларда бар екен.

Биразға шекем арба ишиндеги бийтаныслар аўызларын томпайтып малақай менен сөйлеспей қойды.

Арба аўдаңлап жүрип киятыр. Ишиндегилер де

қосыла ырғалады. Бизиң малақайымыз болса хеш жерде турақлай алмай арба қалай аўса солай қарай жумалайды. Малақай хәр жумалаған сайын астында қалған бийтаныслар тоңқылдасып, түйип—түйип жибереди. Малақайдың жумалаў менен муштан зықы шықты. Арбаның қолға илинер бос жери жоқ. Ишиндеги заттың көплиги соншелли—жалқаўы да көринбейди.

Арбаның бир дигиршиги салт етип бир ойға түсип кетти. Малақай адамлар еситпейтуғын даўыс пенен қышқырып, дигиршиктиң қапталына жалп ете қалды. Қорыққанынан шаққанлық пенен домалап, арбаның дигиршигинен қутылып қалды.

Малақай кем-кем узақлап баратырған арбаның изинен қарап жата берди. Қаяқларда қалғанын биле алмай, аспандағы бултларға қарап бираз жатқаннан кейин тула бедениниң аўырғанын сезе баслады. Шалбарының балағын түрип дизесиниң қыршылған жерлерин сыйпалады. Арба көзден ғайып болғаннан кейин қай жерде қалғанын билиў ушын әтирапына нәзер сала баслады. Хеш қашан көрмеген бийтаныс жерлер. Ол орнынан түргелип әтирапта не бар екенин байқаў ушын дөгеректи айлана баслады. Бираз жүргеннен кейин биршуқырда қараўытқан нәрселерди көрди. Биразға шекем қандай нәрсе екенин айыра алмай қарап турды. Ойына түрли нәрсе келди. Малақай не болса да барып көрейин деп қараўытқан нәрселер таманға жүрди.

Малақай көзине исенерин де, исенбесин де билмеди. Көзлерин қайта-қайта уўқалап қарады.

О, тоба. Шынында да өзиниң туўысқанлары. Суўықтан тоңып, бүрисип атырған ески таныСларының уйқысын қыймай бираз турды. Әсте ақырын Папкабайды шайқай баслады. Ол да бирден ояна қоймады. Малақай қатты-қатты шайқай баслады. Папкабай қорқып кетип бирден ушып турды. Хүрейли көзлерин малақайға тикти. Бирден қуўанғанынан малақайдың мойнына асыла кетти.



Суўықтан иеклери дирилдескен Етикбайлар да оянды. Ойламаған жерде табысқан туўысқанлар апақ-шапақ болып қалды.

Етикбайдың аўзы жуўыспай айтқан сөзлери тислериниң сықылдысы менен әлле қандай болып өзгерип кетеди.

— Сизлер бир айланып жуўырып қайтың,—деди Малақай суўықтан жүзлери көгерип кеткен Етикбайларға.—Демде қызып кетесиз. Мына турысыңыздан өлип қаласыз ғой.

Етикбайлар жуўырысып келгеннен кейин олар нәўбет пенен басларынан өткенлерин баянлай баслады.

— Мен жолда жатырғанымда бир топар балалар мени теўип ойнай баслады. —Сонда Салақбайдың аўырып кеселханаға түсип қалғанын айтысқанын еситтим. —деди Малақай.

Мүликлер қыйналып, бас шайқасып өзиниң ийесин қайғырыса баслады. Олар барлық қыйыншылықларды умытып, ашыўларын қойып, бир аўыздан Салақбайды таўып алыўға келисти.

Изли—изинен зуўлап өтип турған машиналар оларды мингизе қойған жоқ. Туўысқанлар турған сайын тоңа баслады. Пияда кете берейик деген шешимге келди.

Мүликлер емлеўхананы таба алмай қалада көп жүрди. Көшелерде арман—берман зыңғып жүрген адамлардан сорайын десе хеш қайсысы түсинбейди. Тиллесе қоятуғын бийтаныс ағайинлер де ушыраса қоймады.

Емлеўхананы қыйыншылықлар менен таўып алды. Енди ишке киргизсе қәнекей. Санитарка Етикбайларды теўип жиберип, жамбасын сындырып ала жазлады.

Дәлизде хеш ким қалмаған ўақытлары ишке кирип алып қапылардан сығалай баслады.

Жөтелип атырып сөйленген даўыс оларды бирден ирикти.

— Усыннан тәўир болсам, ух—ҳе, ух—ҳе!... мүликлеримди таўып алып, сабақларымнан жақсы оқыр едим. Үҳ—ҳе, үҳ—ҳе!... Мүликлеримди де қәдирлеп услар едим. Ҳәзир қаяқта екен? Үҳ—ҳе, үҳ—ҳе!

Мүликлер Салақбайдың аянышлы даўысын еситип, бир—бирине қарасып үңсиз көзлерине жас алды.



**МАЗМУНЫ**

Шек. (ертек) . . . . . . . . . 3

**Повестьлер**

Белгисиз қаланың балалары . . . . . . . . . 7
Салақбайдың мүликлери . . . . . . . . . 32